Si nou rann kont ke preske mwayen nan pèp la se gran moun yo ye, si nap pran pou n wè sa yo ki genyen pi plis pase 18 tan yo pou kont yo, si 50 pou san moun kap viv sèl yo se granmoun yo ye nan legliz la. Ann gade poun wè anpil legliz ta vle gade tach sa a ? Nan ministè moun kap viv sèl yo li genyen ladanl moun ki divòse, moun madanm oubyen mari yo mouri, avèk moun ki pa janm marye ditou. Kèk fwa li ta bon pou fè moun ki divòse yo ak sa ki genyen mari ak madanm mouri yo sonje yo sèl. Li vin mete souvan anpil bezwen ak lòt ankò.

Kek fwa, nan kesyon moun ki divòse ak moun mari oubyen madanm mouri yo bay anpil chagren. Paran ki pou kont yo a yo vin genyen yon lòt estil de vi anpi anpil fwa yo dasann sou kòb yo te konn ap touche. Men moun ki pa janm marye yo ap poze tèt yo kesyon ki wòl yo nan legliz la. "se fanmi" ki mete moun nan yon lòt pozisyon.

Jenn moun ki pa marye yo sa ki genyen tankou 24-35, yo pa wè tankou moun ki sèl, yo jis wè yo tankou moun ki poko marye. anpil fwa yo konn konsidere tèt yo tankou moun ki pral marye nan laj trantan , yo konsidere yo jis pou yo menmen yon estil de vi, se sa yo mete nan tèt. Anpil fanm pa chwazi oubyen pa itilize yon metòd medikal pou yo ka genyen yon ti moun. se pa dwa nou pou jije yo nan sa yo chwazi,se responsabilite nou pou nou montre ke Jezi renmen yo, anpi li renmen ti moun yo.

Fanmi ki sèl yo toujou renmen wè yap viv nan kay kote sèlman papa kap viv ,oubyen bezwen anpil moun tandè yo, konprann yo, ak la priyè pou yo. Nan sosyete jounen jodia yo mete ti moun yo pou yo fè fas ak menm pwoblèm ke nou menm granmoun nou te pase. Y ap devlope nan yon kote bagay yo ap plis pase.

Se vre ke distri a pa kapab fè yon pwogram nan ministè moun kap viv sèl yo nan chak legliz yo. Li enpòtan anpil ke chak pastè nan legliz yo pran non chak granmoun kap viv sèl yo. Sa kapab ede yo pou yo voye yo nan lòt aktivite kap fèt nan lòt legliz yo. Anpil moun kap viv sèl konn chwazi al patisipe nan yon lòt ti legliz kote yo kapab genyen yon responsabilite. Yo menm tou yo konn santi yo byen nan lòt

Selibatè pou granmoun Ministries Manyèl pou Lidè

aktivite kap fèt nan lòt legliz yo. Se pou nou sonje ke gran moun kap viv sèl yo, patisipe nan yon legliz kote lòt moun bezwen yo.

Analyze distri w la

1. Konbyen legliz ki nan distri w la ki genyen ministè moun k ap viv pou kont yo? _____

2. Ki legliz ki genyen nimewo sa yo nan distriw la? Konbyen legliz ki genyen yon kantite tankou?

___ anba 49 ___ 50-99 ___ 100-199 ___ 200-299 ___ 300-499 ___ 500-699 ___ 700-999
___ 1000-2500 ___ 2500+

3. Kisa distri w la fè kounye a pou ministè moun kap viv sèl yo? _____

4. Ou te chache diskite bezwen ministè moun kap viv sèl yo ki nan legliz ou a ak ministè moun kap viv sèl yo ki nan distri a, anpi ak direktè lekòl di dimanch lan? _____

5. Kisa moun kap viv sèl yo bezwen nan distri ou la? _____

6. Kouman distri a kapab ede moun ki nan ministè moun sèl yo nan bezwen yo? _____

7. Kisa w panse de moun kap viv sèl yo nan bezwen yo nan distri a? _____

8. Kisa w kapab dekouvri nan nouvel chak jou yo, ak tout lòt nouvel nan bezwen moun ki sèl yo?

Ekip kin an Direksyon an kap brase lide yo.³

1. Ki moun ki envite w pou sèvi ak materyèl direksyon ministè moun kap viv sèl yo? Eske moun sa yo reprezante yon bagay nan zafè jeneral moun yo nan distri a? Èske w genyen yon rezon pou envite yo chak? _____

2. Ki moun ki pral fè travay moun kap brase lide yo pi fasil? _____

3. Kisa ki prepare nan lòd jounen an (objektif) nan ajanda moun ki fè pati direksyon an? _____

4. Ki lè, ak ki kote seksyon an pral genyen poul fèt? _____

Sesyon moun kap brase lide yo rezilta⁴

1. Ki deklarasyon ak objektif moun ki fè pati direksyon yo te devlope pou ministè moun kap viv sèl yo?

2. Ki de a kat bagay nan ministè moun k ap viv sèl yo fè ki pa genyen sans? ak kisa moun sa yo bay plis priyorite (enpòtans)?

3. Ou te mete konsèy moun kap viv sèl yo klè sou rezilta yo nan sak te fèt la ? ki reyaksyon ou te jwenn nan menm yo? _____

4. Lòt sak pral fèt: Ki moun ki pral fè pati komite nan premye evenman nan ministè a?

Kontwole lis ak ki kalite pwogram⁵

Jwenn yon chanm kay oubyen lwe youn

- _____ pwòpte l byen anpi limen limyè yo
- _____ ki kantite chèz ak tab ki genyen
- _____ li fasil pou te jwenn
- _____ ki enfòmasyon nou te bay nan piblisite a pou n te jwenn kote sa a
- _____ li genyen espas sifi pou machin
- _____ te byen fasil pou te jwenn

Moun ki tap di yo byenvini

- _____ ki kantite yo te ye
- _____ yo te rive bonè
- _____ Moun ki tap di yo byenvini yo, yo te jwenn fòmasyon sou sa, pou te konnen kouman pou yo fèl
- _____ ou te bay chak tab yo yon nimewo
- _____ chak tikè yo te genyen yon non, anpi ou te mete yon plim sou chak tab yo
- _____ Dokiman yo te pale sou sijè moun kap viv sèl yo, ak sou legliz la
- _____ pou moun ki fèk vini yo pa ba yo twòp atansyon sou evenman an
- _____ ba yo tout sa ou te pwomèt yo nan piblisite a
- _____ koumanse a lè
- _____ fini a lè
- _____ bezwen yo nan tout pwogram lan (retounen nan palmarès la ak makè a, pwojè vwayaj la, sa w te pwomèt la, eks.) pale anvan reyinyon an koumanse
- _____ sa ki nan pwogram la fòk ou fè yo
- _____ pran swen timoun yo anpi ofri saw genyen
- _____ Ba yo bon ji an kantite anpi sa ki bon

Lòt bezwen espesyal ak sikonstans _____

Bay tout saw panse sou sak te fèt la _____

Chapit Twa

ABC Ministè moun k'ap viv sèl yo

A—

Moun ki aksepte viv sèl yo: menm jan ak tout lòt yo, yo bezwen konnen ke yo dwe aksepte yo jan yo ye a, anpi moutre yo valè yo genyen nan kominote legliz kote y ap viv la. Yo menm tou, yo bezwen ke lòt moun aksepte viv sèl kòm si se yon vi nòmal li ye.

Kòm Responsable moun kap viv sèl: yon moun k ap viv pou kont li, li fasil pou mwen panse ke tout moun kap viv tou prem yo fè wonn mwen. Aprè sa tou, mwen se sèl moun k ap viv pou kont mwen, anpil nan chwam fin fè yo afekte lavi mwen. Li enpòtan pou mwen genyen yon lòt moun bò kotem kap mandem kijan mwen jere tanm, lajanm ak fòs mwen. Moun kap viv sèl yo ansanm ak timoun yo kapab genyen yon lòt responsabilite. Toujou bezwen yon lòt moun kap panse ak yo.

Sa yo konfime: Nan kominote legliz kretyen yo, yo konfime ke maryaj la genyen anpil enpòtans, pou tèt sa anpil moun vle marye. Tout pawòl sa yo kreye anpil pwoblèm pou moun ki chwazi viv sèl yo lè y ap chache mwayen pou yo defann viv sèl la. Anpil nan moun k ap viv sèl yo pa marye paske yo genyen anpil defo; se pou sa, yo deside rete pou kont yo pou rezon pesonèl yo. Yo tout chwazi fèl konsa pou yo kapab mennen yon vi kreyènn ki dwat nan tout sa yap fè. Nan moun kap viv pou kont yo a yo ba yo yon non ki rele ministè selibatè.

Pawòl moun yo: Pawòl sa a nan ministè moun sa yo vle di moun sèl. Yo defini mo saa oubyen yo wè li nan sans laj tankou moun ki gen plis ane pase yon adolesan (de 11-14zan, moun ki pa genyen yon sans de responsabilite, anplis tou yo itilize nan sans yon moun ki nan laj ki pou marye. Moun sa yo ki sèl yo genyen responsabilite yo nan kote yap travay la, men yo pa konn gen yon gran wòl nan legliz kote yo ye.

B—

Etid bibliik: Youn nan gran objektif ministè a (MMS) genyen se ede moun yo pou yo genyen yon relasyon ki dwat ak Jezi anpi ankouraje yo grandi nan la vi yo chak jou. Men travay sa fèt pa mwayen bib la. Kesyon ki nan liv yo ki adrese ak pwoblèm moun kap viv pou kont yo lè yo pratike l nan lavi yo, li moutre se yon bon bagay li ye tou.

Limite: anpil moun genyen difikilte pou yo dakò ak sa ki bon. anpil lòt menm bezwen konnen, ak kisa pou yo dakò, ak sa pou yo pa dakò sou sa kap pase nan moun yo nan legliz la.

Bidjè yo: anpil plan ka fèt pou satisfè bezwen bidjè a, bidjè a se yon bagay ke nou tande anpil. Men anpil fwa manke kapasite poul fèt. pou tèt sa , nou dakò viv ak sa n ap touche a menm si ti kòb la piti.

Selibatè pou granmoun Ministries Manyèl pou Lidè

Boule-soti: Men gen kèk la dan yo ki konn wè ke granmoun kap viv pou kont yo a genyen pi plis tan pase lòt moun yo. Sa ki pi mal la se, yo pa ka konprann ke tout moun genyen yon jou ki genyen 24 èd tan. Tout moun kap viv sèl yo bezwen konnen ke li bon pou nou evite_boule_. Pou lòt yo menm, choule a li ka an rapò avek wòl yo kòm paran. Nan sa, (MMS) ministè a bezwen pran an chaj moun kap bay pwoblèm yo.

C—

Kominote a: genyen yon bagay nan mitan moun kap viv sèl yo ki pa nan lòt ministè yo. Li kapab la tou, pou defann lòt yo lè yo nan pwoblèm ak moman difisil. Anpil nan moun kap viv sèl yo wè kominote a tankou yon ministè ki enpòtan menm pou fanmi yo.

Moun ki nan konpasyon yo: yo la pou yo resevwa yon ti èd nan moman difisil yo. kòm yo resevwa konpasyon an, yo kapab bay lòt yo nan bezwen yo. sa yo dwe tandè, ankouraje yo, sipòte yo, pou kapab satisfè kèk nan ti bezwen yo, ak anpil lòt anò.

Konseye: Genyen moun nan ministè a ki pral bezwen pou bay sevis kom konseye. Men, anpil moun kap viv sèl pral bezwen anpil atansyon pou moun tandè yo. Genyen anpil kesyon ki pral genyen repons lè yap rakonte pwoblèm yo.

Kontanman: Apòt Paul te byen pale lè li te ekri, "paske nan la vim, m aprann kontante tèt mwen ak sam genyen"(Fil.4:11b) kontan se yon desizyon ki fèt jou apre jou kèk fwa tou tanzantan. Renmen tout moun, kèk moun kap viv sèl konn pi kontan pase lòt. Yo bezwen pou yo konnen ke, kè kontan se yon desizyon.

Selebre: Moun kap viv sèl yo bezwen lòt moun felisite yo pou sa yo fè. yon travay tou nèf, yon machin tou nèf, al viv nan yon lòt kay, ak anpil lòt bagay ankò ke yo bezwen pou yo felisite yo. Nan yon fanmi, sa pase nan manm fanmi yo pou yo pataje jwa yo ak kè kontan yo ansanm. Moun sèl sa yo dapann de zanmi yo kap ede yo. Yon bagay pou ede yo fete.

D—

Repare yon fanmi ki divòse: Anpil moun wè repare yon fanmi ki nan divòs tankou yon lòt vi kap naje sou dlo. Menm sonje ke li afekte vi timoun yo nan fanmi an. Ti moun sa yo kapab jwenn yon pwogram pou ede yo konprann sa ki pase a, pou konprann timoun sa yo, se pa yo ki lakòz sa ki pase a, epi fè yo konnen gen lòt moun menm bagay sa a te pase yo tou.

Diskisyon yo: se pou rann kont ke lè divòs oubyen lanmò separe de moun ki ntap viv ansanm sa bay anpil kè sote. Gen kèk konsèp oubyen definisyon ki konsène adolesan yo ak jenn yo ki pa menm jan ak pa moun ki nan laj moun ki ka marye yo (18-40 an) diskisyon ki fèt pou tout moun patisipe yo itil anpil paske tout moun pwofite pataje enkyetid oubyen kè sote yo genyen sou kèk bagay ak lòt yo.

Divèsite: Pwoblèm andan ministè a nan legliz la sou moun yo nan laj sa a. konsidere ke sèl bezwen yo se divòse, pa janm marye, ak sa yo mari oubyen madanm yo mouri. Jous kounye a tout moun rete pou kont yo. Itilize sa pou pataje pwoblèm yo, yo jwen n yon estrateji, epi aprann kouman aplike yo chak lè gen pwoblèm diferan ki vini sou chimen yo.

E —

Evanjelize: youn nan gran valè ministè a genyen pou fè moun rankontre ak jezi epi pou yo ankouraje yo grandi nan la vi espirityèl yo.

Ankouraje: tout moun yo epi moutre sa ki pi enpòtan nan chak ministè. Ministè a vre epi tou ede yo pou yo genyen yon lòt fason pou vive pi aprann yo viv tankou moun kap viv sèl.

Edikasyon: Fè tout legliz la konnen sa ki pi enpòtan nan ministè moun kap viv sèl yo. Sèlman m ta renmen lòt yo konnen moun kap viv sèl yo ki moun yo ye, m' konnen gen yon gwoup ki panse ke moun kap viv sèl yo se moun ki pat janm marye yo. Fè moun yo konnen ke tout moun ki pa genyen mari yo se moun sèl yo ye, li diferan si yo divòse, pajanm marye, ak si yo gen mari yo mouri. Yo dwe aprann yo tou pou viv kòm moun kap viv sèl nan fason pa yo, paske yo se kreyen. Ede lidè legliz yo pou konpran n kondisyon yo ak lòt bagay nan legliz la pou pa retire moun kap viv sèl yo nan sa kap fèt nan legliz la. Egzanp, pri yon tikè pou yon sèl moun se mwatye yon tikè pou de moun.

Senpati: se pou moun ki pa genyen okinn eksperyans nan sitiasyon yon mari ki mouri nan men yo, yo dwe kapab fè fas ak kèk pwoblèm tankou sa yo. Pa egzanp, mwen pa viv lanmò yon mari; mwen viv lanmò yon manm nan fanmi ak zanmi. Mwen kapab pataje ak yo tristès yon mari, san mwen pat janm fè eksperyans sa yo te fè.

F —

Amitye: moun kap viv sèl yo chache zanmi yo. Anpil ladan yo depann de lot zanmi plis pase manm nan fanmi yo. Anpil depann de zanmi plis pase fanmi yo. Ministè moun kap viv sèl yo yon bon plas pou moun sa yo fè zanmi paske nan moman kòlè ak devlopman, lè pa genyen yon ti pawòl damou.

Padon: moun kap viv sèl yo bezwen konnen ak konprann lanmou bondye pa fini lè yo yon moun ki chè pou yo mouri, moman divòs, ak nenpòt ki peche kap jije yo ki pa genyen padon. Yo bezwen santi tanzantan lanmou Bondye ak padon li.

Libète: Pou yo santi yo libere apre padon, yo bezwen dekouvri libète ki genyen nan Jezi. Libète sou tout peche pase yo, libète pou yo komanse yon lòt vi kòm yon kreyen kap viv sèl, libète pou yo kapab dekouvri ki moun yo ye nan kris la, libète pou itilize kado yo, talan yo, ak tout sa yo kapab fè nan legliz la kòm egzanp.

Lafwa-bilding: istwa yo moutre kouman Bondye te travay nan vi moun kap viv sèl yo, li sèvi nou yon ankourajman pou la fwa nou. Rakonte istwa sou lanmou Bondye, gras li, ak nan lanmou bondye, ak mizerikòd li nan no unan travay la pou n kapab ankouraje lòt yo.

G —

Kwasans: moun kap viv sèl yo bezwen itilize sa yo genyen kòm kado yo, talan yo, ak tout kapasite yo genyen pou fè avanse wayòm Bondye a. y ap grandi nan travay yo malgre espwa ak sa yo ta remen ye pa reyisi. Grandi tankou moun kap viv sèl sa yo, yap jwenn yo nan ministè a ak lè moun yo reyini nan legliz la.

Selibatè pou granmoun Ministries Manyèl pou Lidè

Chagren - rekiperasyon: Ministè pou ede moun sa yo soti nan chagren se yon bagay tou nèf ke ministè a mete sou pye. Anpil fwa, nou wè tristès la kòm yon bagay ki pral pase nan vi nou men se byen ta apre yon anpil ane. Men, anpil moun fè eksperyans ki lakòz chagren sa a; kèk ladan yo se kèk eksperyans tankou ka lanmò ak lòt ka ankò, chanje kay, yon bon zanmi ki mouri, ak anpil lòt eksperyans ankò. Tout moun bezwen apran n abitwe ak ti pwoblèm nan vi a sa kapab ede yo fè fas ak lòt gwo pwoblèm yo.

Bi-anviwònman: aprann mete bagay ki tou nèf se yon bagay enpòtan nan ministè a. Sans lavi a kapab chanje ak yon moun ki mouri oubyen ak yon rèv ki pa janm reyalize. Ou dwe fiske yon lòt objektif; gen moun ki bezwen anpil ankoujman ak sipò lè yo genyen yon bagay devan yo pou yo fè.

Pòt: MMS ministè moun kap viv sèl yo sèvi nou kòm yon pòt antre nan kò kris la. Sa kapab sèvi nou pou moun aksepte jezi kòm mèt ak sovè pèsònèl yo, lè yo pale yo mal nan lòt ministè yo, lè sa yo vin dekouvri yon lòt vi apre eksperyans difisil yo fin pase a.

H—

La santé moun yo: youn nan bagay ki nan lòt moun ki pa moun kap viv sèl yo wè se lè yap gade moun kap viv sèl yo ap travay nan jan sante yo ye. Pou tèt sa, anpil nan moun sa yo antre nan ministè a nan moman pwoblèm yo, lè yo divòse, lè yo gen pwoblèm nan maryaj yo tankou pwoblèm divòs, ak lòt evenman ankò. Avèk moun sa yo ki fè eksperyans nan sa ki pase yo a, se tankou se menm bagay la lè moun nan gen yon ti sante emosyonèl. Devwa nou se pou nou ede sa yo ki malad epi ankouraje sa ki gen sante anfòm yo.

Ede yon lot: le youn ede lòt rezoud pwoblèm, se yon bagay enpòtan nan ministè a. Anpil moun mete yo pou ede lòt nan sitiyasyon yo epi pou yo menm tou rive kapab ede lòt moun tou.

La santé: Anpil moun ki gaya genyen eksperyans nan ede lòt. Kòm yo menm ki pa malad, yo kapab ede lòt tou lè yap fè fas ak menm sitiyasyon sa a.

Espwa: kèk moun kap viv sèl pase nan sitiyasyon sa yo ki kite yo san esperans ak espwa. Pou kèk ladan yo, pèdi espwa se tankou yon rèv li ye pandan gen anpil lòt ki jwenn sous espwa yo nan Jezi.

Konsyans jou ferye: Pou anpil ladan yo jou fèt pou yo nan anpil kilti se lè fanmi reyini pou pase yon ti tan ansanm. Pou sa ki san fanmi yo, yo sonje fanmi yo, oubyen ki kite kote yo t ap viv la, fèt yo konn bay anpil chagren. Chagren sa yo kon n pase nan la vi tout moun, san yo pa rann kont si yo te marye. Konsa, ak sa yo ki genyen chans premye fwa patisipe nan fèt la yap genyen anpil kesyon pou yo poze sou kouman yap fè.

Mwen —

Enstriksyon: Tout moun sa yo genyen anpil kapasite pou yo viv kòm moun ki genyen anpil siksè, ak jantiyès. Ministè a se plas ki bon pou aprann. Sa bay anpil pwoblèm nan viv sèl la sa mande retire kèk bagay ak ranplase kèk verite sou vi moun kap viv sèl yo. Anpil lòt menm bezwen enfòmasyon pou yo konnen kijan pou yo viv sèl tankou kretyen. Jouska prezan anpil lòt bezwen èd chak jou nan lavi tankou nan fè bidjè, kouman pou jere lajan yo kòm paran sèl, ak lòt kesyon ankò.

Idantifye: depi nan tan lontan mond kretyen an yo jwenn ke moun yo gen travay yo kòm mari oubyen papa- madanm oubyen manman, sa kapab difisil pou moun kap viv sèl yo konnen ki moun yo ye nan kominote kretyen an. Chak moun kap viv sèl dwe konprann ke yo chak bezwen gen yon idantifye ki etabli relasyon ant yo ak Jezi.

Ti sekrè: Yo itilize anpil fwa ti sekrè pou relasyon seksyèl. Men, anpil fwa genyen relasyon moun yo ki pa seksyèl. Men vrè sekrè a nou jwenn li nan moun kap pataje histwa yo ansanm youn ak lòt, espwa yo, rèv yo ak tout sa yo sa pataje yo.

Entènèt: nou jwen istwa moun ki abandone lòt, san yo pa rann yo kont de fanmi yo, kote nou jwenn anpil moun pèdi lavi yo oubyen tou mòd de vi yo kon n chanje ak mwayen sa tou. Lòt bagay an plis tou se lè tout moun ap pale de li mal anpil. Pandan ke genyen anpil bèl bagay sou li, moun n yo bezwen konnen ki danje ki genyen la dan l tou.

Jenerasyon: Tout jenerasyon ansanm: pou fè pati ministè a moun nan dwe genyen yon laj menm jan nan sektè sosyo –ekonomik la, edikatif la, ak sektè travay la. Jouskaprezan, se youn nan bagay, si se pa yon sèl , kote moun reyini ansanm nan kominote a. Sak pi jenn yo bezwen tandè istwa sa ki pi gran yo nan vi a. Sa ki pi granmoun yo menm renmen lavi ak fòs jenn yo pase yo menm. Tout rasanble ansanm pou aprann ak pataje tout sa ki nan lavi a.

J—

Jezi: MMS konstwi sou yon fondasyon esprityèl. Travay MMS se fè moun grandi esprityèlman ak fè yo devlope nan relasyon yo ak Jezi. San Jezi nan ministè a , nou pa tap genyen diferans ak lòt gwoup nan mond lan.

La Jwa kretyen an: nou konnen ke sous la jwa nou se nan relasyon nou ak Jezi. Nou kapab itilize tout evenman ki pase nan ministè a pou nou menmen moun yo vin konnen Jezi.

K—

Jantiyès: Gen kèk ap vin nan evènman SAM ki bezwen li resevwa kèk jantiyès. Evènman nan lavi yo, pèsònèl ak pwofesyonèl, kapab kreye a bezwen pou kèk mo kalite.

Timoun: Timoun yo de paran yon sèl yo souvan neglije, oswa nou sipoze bezwen yo yo te adrese nan Ministries timoun yo. Sepandan, yo pa ka resevwa èd nan fè fas ak lanmò nan yon paran oswa yon divòs paran yo. Ministè Recovery sa tou adrese bezwen yo nan timoun yo ap benefisye fanmi an. Anplis de sa, kèk evènman SAM yo ta dwe fèt yo gen ladan yo timoun yo. Epitou, konsidere swen pou timoun-lè planifikasyon evènman yo. Petèt SAM ak NYI kapab travay ansanm yo bay swen pou timoun.

L—

Ri: se yon bon eleman nan ministè a, mwen tande anpil moun konsa koman yo renmen l epi yo bezwen anpil tan pou yo ri. Paske li bon pou yon kè toujou kontan, kèk fwa lavi a konn mete moun nan sitiyaason pou yo ri. Yo ajoute tou, ke yon ti ri li pi bon lè tout moun reyini ansanm.

Renmen: Moun yo dwe konnen ke gen anpil moun ki renmen yo ak Bondye. MMS se bon avantaj pou yo moutre lanmou an epi prezante moun yo ke Bondye renmen yo tou.

Zòrèy tande: Harold Ivan Smith di konsa tout moun bezwen lòt moun tande yo jous lè yo ta fin pale. Pa gen onkenn konsèy nou ka bay yon moun si no upa rete chita tande l.

Devlopman lidèchip: MMS se yon kote tout moun kapab devlope talan yo genyen. Lè yo aksepte responsabilite yo nan diferan aspè nan MMS, yo kapab aprann epi devlope lòt talan ki tou nèf yo genyen.

Aprann: A pran si se sou lavi kòm moun kap viv sèl pou yo grandi nan lavi espiyèl yo ak nan sosyete yap viv la, paske apran n se yon tach ki enpòtan anpil nan ministè a.

M—

Preparasyon pou maryaj: Dennis ak Franck wè viv sèl tankou yon pwoblèm ki ka jwenn solisyon li nan maryaj, nou dwe mete yon lwa ke moun yo dwe marye. Alan corry, yon manm nan ministè a, di konsa ke tout moun ki fè pati ministè a dwe yon kandida nan zafè maryaj. Se, avek evenman sa yo wap aprann nan ministè a, wap genyen yon responsabilite ak konpetans ki pral pèmèt ou fè fas ak tout klas pwoblèm nan maryaj pi byen.

N—

Granmoun pa janm-marye: Moun ki pa janm marye yo se yon gwoup ki gran anpil nan ministè a, moun ki marye yo menm yo pa janm chache èd, sipò, ankourajman, ak lòt ankò. Pou Bebe boomer, gen yon gwoup moun ki pa janm marye ke yo menm se yon modèl pou lòt yo. Moun sa yo apran n anpil sou lavi a kote yo kapab pataje bay lòt moun. Tout lidè ki nan ministè a dwe konnen pèdi espwa ak rèv, dwe ede moun yo pa twò aflije twòp, yo dwe ankouraje yo nan fè fòmasyon yo pou pa pèdi espwa ak rèv yo. Moun marye yo pa janm konprann pi gran dwa yo nan popilasyon an nan moun kap viv sèl yo, epi nou kapab di davans si nou pa kapab pase nan sa, pwoblèm, ak tout sa yo ki pè yo.

Moun ki fèk antre yo: prezante yo Jezi paske se objektif fondamantal ministè a. Sa ka pase nan anpil lòt ministè nan legliz la. Bagay sa a li se yon verite nan ministè a kòm moun ki fek vini yo kapab dekouvri yon nouvel vi nan ministe a. Pou lòt yo, lavi tou nèf la se lè moun yo devlope ak grandi espiyèlman.

O—

Opòtinite pou sèvis: Ministè a baze nan rann sèvis pou n kapab ede moun yo nan moman yap soufri ak ak tranzisyon. Yo ajoute, sèl moun kap viv sèl yo ki lwen fanmi yo ki depann de zanmi pou ede yo pandan moman difisil yo tankou ba yo machin ak transpò lè yo gen bezwen yon doktè.

Ouvèti: Plizyè moun di konsa ke yo renmen pase tan yo ansanm avèk moun kap viv sèl. Pou pi lwen yo di konsa ke yo gen yen anpil volonte pou tande ak reponn lè bondye ap rele yo. Sa moutre ke moun sa yo depann de Bondye. Pa janm genyen yon lòt moun ki pou ba yo bon atansyon, moun kap viv sèl yo mete yo nan fason pou yo depann èlman de Bondye. Anpil ladan yo, apre yo fin pase yon moman difisil nan lavi yo, yo vin kapab ede lòt kap travèse yon pwoblèm. Moun sa yo konn vin bon zanmi youn ak lòt pa mwayen tan difisil yo pase ansanm yo.

P—

Pwòpte: se yon revizyon rapid ki moutre kouman moun kap viv sèl yo genyen yon estil de vi nan jan yo pale. Ti gwoup sa yo chita ansanm pou diskite sou zafè ankouraje ak bay èd yo. Moun sa yo ki fèk vin konvèti yo menm ap aprann lè yap gade sou lavi moun kap viv sèl yo ki jan yo genyen yon estil de vi ki diferan.

Paran: se yon responsablite ki la pou de (2) moun. Paran sèl yo, konsa, paran sèl yo menm jwenn anpil pwoblèm, kòm responsablite nan lavi chak jou, yon moun pou mennen ti moun yo nan diferan aktivite, pou fè travay nan kay ak menen timoun lekòl. Pou tèt sa tout paran ki sèl ap benefisye yon konferans kòm paran sèl, pou tèt sa yo chwazi de (2) fanmi ki pa sèl pou bay moun sèl yo yon fòmasyon.

Doulè: tout moun pase nan anpil pwoblèm. Sa fè pati lavi a tou. Men, moun kap viv sèl yo jwenn anpil pwoblèm nan lavi a san yo pa jwenn okenn moun pou ede yo. Tout sa se okazyon pou chita tande lòt yo, pataje ide ak yo, ak sipòte yo pandan moman sa yo.

Pasyon: gen anpil moun ki benefisye tout bagay ke ministè a ap ofri, anpil ladan yo pral genyen anpil anvi pou kontinye ministè a. Anvi ke ministè a ofri a se fòm moun yo nan kominote a sou jan moun sèl yo dwe viv ak ede lòt respekte yo. Lori smith di konsa " maryaj pa pi bon pase la vi sèl, sèlman li se yon vi ki diferan. "

Q—

Peze: nan pi gran pwoblèm ki genyen nan moun kap viv sèl yo se lè yo pa janm pale yo fèmèn bouch yo kote yo santi yo byen lè yo rete san pale. Tout ansèyman nan MMS dwe baze sou ankouraje moun kap viv sèl yo kite abitud rete nan yon ti kwen san pale a (rete apa).

R —

Rekiperasyon: an tout kote nan lis sa, Rekiperasyon an se yon tèm ki enpòtan anpil. Moun ki fè eksperyans deja nan fè lanmò epi ki asiste ak yon pwoblèm divès sa kapab ede yo grandi nan evenman difisil yo. Sa ki desann moral tout gwoup yo se lè yo pèdi espwa ak rèv yo ki kapab idantifye yo, ba yo fòs, remonte yo, nan ankourajman. Kapab tou, se pazapa pou yo reprann fòs yo.

Re-nesans espwa ak rèv: se yon rezilta lè gen moun ki mouri, sipoze gen espwa ak rèv tou nèf ki la ap tan yo. Genyen fòmasyon pou sa ki pèdi espwa yo ak rèv yo epi ankouraje sa ki fèk vini yo. Lè nap gade tout bagay sa yo nou ka reyalize ke gen yon gwo pwoblèm pou moun ta diskite.

Respè: Chita pale ak moun kap viv sèl yo se revele nan yo menm yon santiman de respè nan fason pou viv kòm moun ki sèl. Gen yen yon mwayen pou yo kontinye grandi, rete ansanm, epi marye. Sa pa pral pase nan chak moun sa yo; pou sa, se pou ankouraje yo nan fason yap viv la.

Yon model: Sa se pou moun kap viv sèl yo; nou menm nou sèvi pou lòt yo tankou yon egzanp.

Relasyon: tout moun bezwen yon èt pou an favè yo. Nou menm tou nou bezwen zanmi ak lòt moun nan. Ministè a se pi bon kote tout moun reyini pou jwenn tout sa yo bezwen.

S —

Evenman nan sosyete a: Tout moun bezwen aktivite sosyal yo pou yo kapab amize yo ak pou yo ri.

Activite sosyal yo baze pou moun fè lòt zanmi tou nèf.

Preparasyon pou yon fanmi: youn nan pi gwo pwoblèm ke le mond ap konfwonte jounen jodi a se sa yo rele preparasyon pou yon fanmi. Nan la vi prepare yon fanmi bay anpil pwoblèm kòm gwoup ki mete yo ansanm avèk tout vye eksperyans yo te fè nan tan pase yo. Pou lòt yo menm, se yon premye maryaj pou yon mari, men tou vin kreye lòt sikonstans tou.

Ti gwoup yo: Anpil gwoup nan legliz jwen anpil bon bagay nan devlope ti ministè nan legliz la. Gwoup sa yo ofri, ladan yo lè ou vini pi souvan moun aprann ak grandi nan lavi nan tout sans. Pou tèt sa li enpòtan pou moun kap viv sèl yo fè pati gwoup sa yo, gen kesyon moun kap viv sèl yo poze ti gwoup la a prive konprann yo pi fasil.

T —

Verite: Moun kap viv sèl yo bezwen tande sa ki rele verite o sijè lavi tankou kretyen. Yo bezwen konnen ki sa yon angajman ye, sa ki sanble ant lavi yo ak lavi moun ki marye yo, ak verite sou relasyon ak Jezi.

Konsèy pou lavi: Se yon bon kote pou youn lòt aprann pataje istwa lavi yo ansanm. Ankouraje yo, sipòte yo, ak tout lòt bagay ankò ki itil nan lavi pou viv pi fasil.

Jesyon tan: Konsidere ke moun kap viv sèl yo genyen plis tan pase moun ki marye yo. Men gen kèk ladan yo, ki pa gen timoun, sa yo kapab fè plis travay ak tan yo, chak moun genyen yon jou ki genyen vennkatrèd tan (24h00). Tout bezwen tande ke wi epi ak di non.

Touche ak konfyans: Ministè a ta dwe ye yon bon kote pou tout moun jwenn anpil konfyans pou yo aprann ak fè anpil zanmi. Tout moun bezwen genyen yon zanmi ak yon moun kap viv sèl, sa byen difisil pou l fèt souvan.

Tranzisyon: kèk nan moun kap viv sèl yo kapab konsidere lavi yo tankou yon de tranzisyon pou tout tan. Gen lòt ki pral fè pi gwo eksperyans de tranzisyon nan lavi yo. Se pou nou pran konsyans ke tout etap tranzisyon yo genyen moman difisil kote ou kapab santi ou sèl oubyen atriste.

U—

Tèt ansanm: si moun ki marye yo separe oubyen yo divòse, sa ki pa janm marye yo, oubyen sa yo ki genyen madanm mouri yo, sèlman yo mete tèt yo ansanm ak kominote moun kap viv sèl yo. Tout dakò pou yo mete tèt yo ansanm nan sans pou fè yon sèl malgre yo rekonèt ke ministè a yo pa menm ak lòt yo.

Moun ki pa ale legliz: Nan legliz yo genyen kèk moun kap fè rechèch yo jwenn ke 50 pousan nan tout popilasyon an ki pa al legliz se moun kap viv sèl yo. Okenn legliz oubyen okenn ministè pa ta dwe rete san yo pa fè ka ak gwoup sa nan popilasyon an. Sonje ke kèk nan moun sa yo kap viv sèl, yo konn idantifye yo tankou kreyen.

Konpreansyon: Moun kap viv sèl sa yo toujou ap chache yon kote moun ka konprann yo, ankouraje yo, respekte yo, epi chita tande yo. Nenpòt legliz oubyen nenpòt ministè ki gen bon bagay sa yo, moun kap viv sèl yo ap vini jwenn yo pou patisipe nan tout aktivite yap fè nan ministè a.

V—

Viktwa: si yo itilize nan nan sans espiyèl viktwa nou jwenn li nan Jezi oubyen nan yon lòt sans nan lavi sa tankou solisyon sou yon pwoblèm, pou tèt sa laviktwa fè pati lavi a. Nou tout genyen yon pwoblèm kap pouse nou pou nou jwenn laviktwa. Fè fèt pou chak viktwa epi ankouraje yo nan batay la.

Vizite timoun yo: Pwoblèm timoun yo genyen nan ka moun kap viv sèl yo se lè moun yo gen yon pwoblèm divòs (moun yo separe) oubyen pwoblèm lanmò. Chèf kap dirijè ministè ti moun yo ak chèf kap dirije ministè jenn yo dwe bay enfòmasyon sou ti moun kap viv ak paran sèl yo ke yo pa kapab asiste ak tout reyinyon yo. Pa egzanp, nan aktivite timoun yo konn patisipe yo kapab pa la nan mwa a youn oubyen de fwa nan chak de (2) semenn.

Yon lòt aspè nan MMS se pwogram rejwenn yo kote yo pral ankouraje tout paran sèl yo pou rete atache ak timoun yo lè yo santi yo bezwen paran yo. Yon lòt kesyon se sou pwoblèm nan lavi paran yo. Se pou ministè a prepare l pou yo tande ak ede moun kap viv sèl yo pou lè yap fè fas ak diferan pwoblèm nan lavi yo.

W—

Depandans yo: Nan tout pi gwo leson ke ministè a dwe anseye se pou moutre yo depann yo de yon relasyon ak Jezi plis pase tout lòt moun. Yo ajoute, moun kap viv sèl yo bezwen sonje ke tout moun dwe prepare yo pou maryaj.

Tan adorasyon: Nan tout evennman nan ministè a se lè yo mete yon ti tan pou yo adore. Se pou nou sonje ke nan pi gwo bagay ke ministè a ofri se lè tout moun kapab konnen epi genyen yon relasyon ak Jezi.

Sou zafe laj moun yo: Pou nou fè pati ministè a moun nan dwe genyen pou pipiti pase ven tan (20) oubyen pi plis. Laj sa yo kapab bay anpil pwoblèm, men se yon bagay ki pi fò kote tout moun ap pataje epi ap aprann ansanm.

X—

Yon lòt plan ki genyen de wout: Ministè a adrese yon kesyon ak tout moun kap viv sèl yo, sou bezwen yo, sou pwoblèm ak sa ministè a ap tann de yo pou mete yo nan kèk aktivite ke yap ofri. Lis ki genyen an pap fini, men, se pou idantifye ke kèk nan yo byen enpòtan pou yon ministè bay bon rezilta.

Eksperyans pesonel: Moun kapab aprann sou youn ak lòt. Kèk fwa bagay sa evite anpil danje, se pou ankouraje yo epi ede yo.

Y—

Desizyon pou konnen Bonbye: A travè lis sa a nou wè ke moun kap viv sèl yo genyen yon gran dezi pou yo konnen Bondye epi swiv li. Se pou toujou sonje se lè nan konnen Bondye a viv gen yon gwo diferans ant MMS ak lòt rasanbleman moun kap viv sèl yo.

Z—

Zele: Anpil moun kap viv sèl yo gen yon zèl nan travay bondye a ak anpil anvi pou yo pataje tout sa yo te aprann ak lòt moun. Se yon fason pou montre ke ministè a fè travay li.

Chapit Kat

Talan direksyon an genyen

Direksyon an se yon tèm enpòtan nan enteré ministé a; espesyalman kòm nou tante tradwi tout prensip ki nan mond komèsyal la ak tout lòt bagay ki nan ministé a. Youn nan pi gwo pwoblèm ke nou rankontre se zafè direksyon mondyal ak komèsyal nan kesyon ministè a, li chita nan modèl ki nan ministè a ak nan rann sèvis. Nou aprann nan zafè ran n sèvis nan ministè a ak lè nou gade kouman Jezi te lave pye disip li yo. Pòl ekri nan 1 korent 12 li pale de anpil kado ke nou genyen ak kouman nou se plizyè men nou tout nou fòme yon sèl kò nan kris la.

Direksyon an li plis chita nan zafè sa nou ye pase sa nou fè. Lè nou li istwa kèk gwo chèf nan bib la sa fè nou sonje ke bon rezilta yo te konn jwenn yo, yo pat depann de konesans pa yo, ak pozisyon yo te ye nan sosyete a, men bon rezilta yo depann nan jan yo te obeye Bondye nan jan li te pale ak yo. Pa egzanp, Neemi bay kèk prensip nan jan pou nou sèvi:

1. Lidè yo te montre tout konpasyon yo genyen ak nan jan yo renmen moun yo pou wè y' ap viv yon lavi miyò nan Bondye. Se te bagay sa ke Neemi te vle, pou li te wè yo pran yon lòt dimansyon nan Bondye. Li te wè bezwen yo te genyen epi li efòse li tout sa li te wè li te kapab fè (Ne. 1:1-4). Chèf yo pat aji anvan san yo pa pase yon ti moman nan lapriyè. Premye repons Neemi te jwenn se te yon moman li te pase li tap kriye, li te pase nan jèn, ak lapriyè Bondye (1:4).
2. Anpil fwa lidè yo konn pè pou yo al prezante devan yon gran chèf, yo konn pa dispoze pou pran ris sa nan vizyon yo konn genyen. Neemi te pè pou pale ak wa a sou zafè moun yo, men li te fèl (2:2-3).
3. Lidè yo konnen epi yo aksepte lè yo tante pou fè nenpòt ki bagay, yap toujou jwenn moun ki toujou pa dakò ak yo nan travay la. Lè Neemi te fin prezante devan wa a te genyen de (2) moun ki t ap travay nan palè wa a ki pat dakò ak sa a (2:10).
4. Men chèf yo te fè devwa yo, yo te etidye sitiyasyon an, yo chache tou swit yon solisyon byen rapid sou sa, epi yo pa te kouri fè mesaj la pase. **Neemi** te fè yon pwòje pou li te wè kisa li pral fè anvan li te kouri al pale sa ak lòt moun sou sa. Li te byen planifye tout sa li pral fè (2:11-18).¹

Men nou kapab aprann anpil lòt bagay ankò sou jan Neemi te konpòte li nan pwoblèm sa a, se pou nou sonje ke li pa te janm montre li timid sou okenn pwèn nan sijè sa a. Sanble ke li pa te janm eseye pou li te yon chèf nan jan li te eseye rete fidèl ak Bondye pou Bondye te kapab chwazi li pou l te yon moun ki pral kapab delivre pèp li a.²

Ministè a se yon etap

Grandi nan Bondye se yon etap ki plis pase yon plas. Annou konsidere akwostich sa ke kerrie palmer te fè.

Selibatè pou granmoun Ministries Manyèl pou Lidè

Chèf yo se moun ke Bondye ap gide epi yo menm menm ap gide moun yo. Yo menm, yo la pou yo rann kont bay Bondye nan jan yo te ap kondwi moun yo si yo te konfyè nan li. Men lè direksyon an wè tout sa bondye ban nou, yo konn santi yo chagren, lè yo wè kouman Bondye ap gide la vi nou.

Tout chèf yo se Bondye ki chwazi yo epi se Bondye kap gide yo. Jezi te pwomèt yo yap genyen pouvwa lè sentespri a va vini sou nou; epi yap vin temwen li (Travay 1:8). Travay ou nan ministè moun kap viv sèl yo se yon pati nan mond ou a. Objektif prensipal ministè moun kap viv sèl yo se preche mesaj levanjil la bay moun kap viv sèl yo. Menm lè ke ministè a ak jan yap aji yo konn pa menm, mesaj levanjil la se tèm prensipal la. Tout ministè a genyen pou pwojè li mennen lòt moun pou vin jwenn Jezi kris, paske li te ban nou yon komisyon pou nou tout ale fè disip pou mwen nan tout nasyon batize yo nan non papa a, pitit la ak sentespri a, montre yo pou yo obsève tout sa mwen te ban nou lòd fè. chonje sa byen: mwen la avèk nou toul`jou jouk sa kava. (Matt. 28:19-20).

Tout chèf yo la pou yo fè volante Bondye. Nan liv Romen chapit 12 se yon liv nan lekòl ki montre kouman pou nou grandi nan Bondye epi ki eksplike kouman pou nou mennen yon lòt vi nan Bondye. Premyèman chèf yo dwe ofri tèt yo bay Bondye tankou yon sakrifis ki vivan, ki sen epi ki fè Bondye plèzi ki se yon aksyon espiyèl, ki se yon vrè adorasyon. Se yon desizyon enpòtan ki pa fèt yon sèl moman. Yon fwa ke nou menm nou konprann Bondye byen, sa ki vin fèt se yon transfòmasyon ak yon chanjman nan lepri nou. Avèk sa ki fèt la, nap kapab konnen tout sa ki bon ak sa ki pa bon epi nap konnen sa ki nan volonte Bondye pou nou ak nan ministè, sa ki bon pafè nan volontel (Rom 12:1-2).

Chanjman nan lespriw li fèt nan jan ou kominike ak Bondye nan pawòl ou ak nan jan ou la priyè. Enspire pa mwayen sentespri a, li devlope yon vizyon e li etabli yon objektif ak yon misyon pou ministè a ke Bondye te rele nou an. Lidè ki genyen vizyon yo; vizyon yo bay anpil fòs ak enèji nan mitan pwoblèm nap pase yo. Ak vizyon yo, lidè yo genyen yon misyon ak yon lespri ki kapab kontamine tout lòt bagay ki pa sou chemen an ki vini pou detounen yo pou pwomès Bondye yo pa konpli nan lavi yo ak nan ministè yo.

Lidè yo dwe fòme lòt lidè. Ministè a se yon kado espiyèl ke Bondye ban nou, kote pòl di pou nou egzèsel ak anpil dilijans (Rom. 12:8). Eugène Peterson nan yon mesaj bay yon eksplikasyon li di: Lidè yo kap dirije san yo pa genyen yon lòt moun kap manipile yo itilize moun pou kapab genyen yon objektif. Jan Liens maxell defini mo sa konsa direksyon an (se enfliyan) avèk responsablite yo nan direksyon (nan devlopman moun yo). Li Mande, kouman nou fè pou nou ankouraje lòt yo ak devlope yo nan tout aktivite yo? Moun genyen anvi pou yo vini nan jan lòt moun ki pi pwòch yo sèvi ak yo epi ki fè yo konnen sa yo ye nan lavi yo. Lidè yo devlope ministè yo, lè yo ankouraje chak manm nan ministè a. Lè chak manm nan ekip la obsève sa kap fèt nan ministè a ap travay ak dilijans, lè sa nou kapab di ke ekip la genyen yon bon chèf.

Lidè yo prepare epi yo dwe okipe yo de travay yo nan ministè a. Chak manm nan ministè a fè pati kò kris la. Menm jan nou chak genyen pwòp kò pa nou avèk anpil manm ladanl, kote ke yo chak genyen pwòp fonksyon pa yo, pou tèt sa nou tout nan kris la nou vin fè yon sèl, nou tout nou genyen yon kado ke kris ban nou ki diferan, nan jan li ban nou gras li, si nan gras Bondye ba yon moun se pwofetize lap pwofetize, kite li itize la fwa li genyen an. Si se sèvi lap sèvi kite li sèvi, kitel sèvi; si se anseye lap anseye, kite li anseye; si se ankouraje oubyen konsèy li kap bay, kite li fèl; si yon moun ap kontribiye nan bezwen lòt moun, kite li fèl; si se dirije lap dirije nan gouvènman kitel fèl san pwoblèm, si lap montre li genyen konpasyon pou lòt, kite li fèl ak kè kontan (Rom. 12:4-8). Chak kado sa yo bondye ban nou an nou itilize yo tout nan ministè a. Lidè yo kapab genyen kèk nan kado sa yo, men Bondye pap tan ke nou sèvi ak yo pou kont nou.

Lè nap gade nan kò nou pou jan li byen bèl se konsa plan Bondye pou nou nan ministè a. Si se sèlman nan moun kap viv sèl yo, yo bay yon opòtinite pou itilize kado sa a, tout kò a tap la konplètman. Lidè yo konsidere konsèy la, ak tout jan yo apwouve l., prepare pou prepare moun yo pou ministè a.

Lidè yo ap fè travay la mache nan ministè a. Pouvwa sa a se tankou yon fòs yo mete pou travay. Se pou nou mandel pou nou ka konnen kijan pouvwa li ap travay nan nou menm ki kwè nan li a. Se yon gwo pouvwa ki san limit, se menm gwo pouvwa sa Bondye te fè moun wè lè li te fè kris la leve soti vivan nan mitan mò yo, li fè li chita sou b'dwat li nan syèl la. Li mete kris la anwo tout chèf, anwo tout otorite, tout p-ouvwa ak tout denominasyon. Kris la pi wo pase tout gwo non yo kapab bay moun non sèlman kounye a sou latè, men m nan tan ki gen pou vini an tou Bondye mete tout bagay anba pye kris la, li metel poul sèl chèf legliz la. Legliz la se kò kris la, li konplete kò kris la. Kris la menm avaèk tout pouvwa li, li konplete tout bagay ki toupatou (Eph. 1:18-23).

Etid nou fè sou kò ki nan kò kris la pèmèt nou dekouvri konsèy ministè moun kap viv sèl yo. Kris se tèt la; nou menm nou se yon pati nan kò a, li enpòtan pou nou konpli sa li te kreye pou nou fè. Max Depee se yon atis ki ekri pawòl sa yo: ``yon atis lib pou li fè tout sa panse li di li fè nan yon fason ki posib kè yon moun kapab kontan. Konsa, lidè a se yon moun kap sèvi lòt, pou tèt sa li retire anpil pwoblèm ki ka anpeche yo fè travay yo pi byen. Nan yon sèl pawòl, yon vrè lidè li moutre tout moun kap swiv li yo kouman pou yo aplike talan yo.``³

Karakteristik yon vrè lidè

Desen ki soti nan liv la, "Jere moun se tankou twoupo Chat" pa Warren Bennis, karakteristik sa yo yo te pami moun yo idantifye kòm komen nan tout lidè efikas.

- Sot nan liv la, dirije moun se tankou, viv nan gwoup tankou chat se se Warren Bennis te di l, bagay sa pèmèt nou kapab toujou idantifye tout vrè lidè yo.
- Konesans ou yo, kapab ede w pou konnen epi itilize talan w yo ki se baz enpòtan nan yon ministè kap byen fonksyone. Sa yo pèmèt lidè wè ki talan moun yo genyen pou yo kapab devlope yo epi pou ministè a mache pi devan.
- Se pou ede nan yon lòt dimansyon. Menm kan anpil fwa moun yo kon difisil pou aksepte, se pou idantifye sa ki onèt yo pou ba yo fòmasyon pou grandi nan lavi yo.
- Aprann ak amelyore. Poze yon kesyon epi tande tout repons yo diw yo se karakteristik kle pou rekonèt yon bon lidé. Anpil lidé konn vrèman ouvè pou chanje epi tou aprann anpil lòt metòd ak estrateji pou ministè a.
- Pou avanse se pou n riske. Pandan ke nap fe anpil efo poun rive. Le nap riske li toujou montre karakteristik yon lide. Yon bon lide anvan li riske li cheche yon mwayen pou byen rive epi devlope tout plan yo anvan li avanse ak yo.
- Kanpe fèm nan travay la. Pèsevarans se yon kalite ke tout lidè yo dwe genyen. Paske yo menm yo genyen yon kapasite pou yo konsantre yo nan sa yap fè a.
- Aprann nan moman pwoblèm yo. Gran lidè yo chak jou sipòte tout sak vin sou chemen yo. Yo itilize mwayen sa yo kòm yon okazyon pou aprann sou yo menm, sou lòt moun, sou yon oganizasyon, ak sou tout lòt relasyon yo genyen sou chemen yo.

- Tradisyon ak chanjman. Bon lidè yo rekonèt valè yo genyen ak tout sa yo bezwen pou yo chanje. Yo devlope tout kalite ke yo genyen pou kapab fè chanjman an. Travay nan sistem nan,. Tout bon lidè toujou rann kont ke li enposib pou yo fè tout bagay pou kont yo. Yo travay nan ministè a epi chache tout sòt de pwoblèm epi yo konte sou moun pou ede yo fè travay sa mache. Sèvi kom yon modèl, Tout vre lide toujou we bezwen yo pou genyen moun yap fome. Nan sans de responsabilite yo genyen renmen wè lè lòt moun ap devlope nan travay yo nan ministè a.⁴

Ministè a chaje ak pwoblèm, sitiasyon ki montre abilite nou, ak responsabilite ke nou genyen pou travay ak tout sòt de moun ki diferan. Sa kapab nesesè pou vini ak yon lòt fòm ak pou panse yon lòt jan ki se yon karakteristik yon lidè. Nou ka wè tou, lòt fòm panse sa se kapab yon jan ki ede nou pou nou devlope ak kontinye ak travay nou genyen epi pou nou vin plis ankouraje ak sa nap fè.

Tout sa ki genyen pou wè ak tout sa ki nan ministè a vin chanje nan dènye tan sa yo. Nou konnen ke lidè a se limenn ki chèf prencipal ministè a poul avanse, tout sa ki parèt tou nèt nan ministè a ede nou poun vin wè la vi a yon lòt jan. Se pa sèl lidè a kijan tout chaj la, kap dirije, ki la pou panse tout sa l ta vle, vini ak lòt vizyon. Lidè yo la pou kominike tout sa ki genyen pou fèt objektif yo ak mete nouvo ministè, tout sa yo genyen pou wè ak moun kap patisipe nan ministè a ak nan legliz la, tout moun sa yo ede ke ministè a avanse pi byen.

Bi ak misyon an, se devlope nan ministè a tout sa kap pèmèt li kanpe djanm ak tout lòt epi kap fasilite chanje.

Konn fè zanmi se yon aspè enpòtan nan ministè a. Moun yo dwe konnen ke yo se bon moun epi yo kapab fè fas ak anpil pwoblèm ak echèk men nan tout pwoblèm yo yap genyen vikwa. Verite ase yon karakteristik ki enpòtan kòm lidè nan tan jounen jodi a.

Gwo lidè yo konprann ke fè zanmitay la se yon yon bagay ki bon anpil pou ministè a. Yo devlope bon konprann yo genyen, nan relasyon ak moun yo, bon konprann, ak bon abilite pou yo pale ak moun yo. Yo devlope lòt kalite yo nan jan y'ap aji ak yo.

Lidè nan jounen jodi a konnen enpòtans aprann viv. Yo reyini pou youn aprann de lòt. Y'ap adopte entelijans ak vizyon de lòt òganizasyon nan jan y'ap viv nan ministè yo. Bon lidè a dwe aprann pou tandè moun yo. Se pou yo travay pou devlope kapasite yo genyen pou aprann tandè ak tout sòt de konvèzasyon yo. Yo dwe tandè moun yo paske lè w tandè yo yap kapab vin dekouvri sa yo kapab fè, talan yo, pasyon yo epi yap kapab ede chak moun yo devlope sa yo genyen ki kapab itil yo nan wayòm Bondye a.

Fondasyon ministè a

Ministè a pran anpil tan pou kapab devlope ak mete tan pou lòt rekonèt tout sa kap pase nan ministè a. Jhon Maxwell nan 21 lwa l yo nan direksyon an, li genyen set (7) ladan yo ki pale sou lidè.

1. *Karaktè*. Ministè a koumanse nan jan w ou devlope santiman w ak tout sa w ye, sa pèmèt lòt wè ki karaktèw genyen. Karaktè a edew epi li nesesè pou konfyans, epi konfyans ap fè ministè a posib.
2. *Zanmitay*. Lidè yo genyen anpil moun k'ap mache dèyè yo. Zanmitay fè li fasil pou anpil moun swiv lidè yo. Sa ki pi bèl la se relasyon lidè yo genyen ak moun k'ap swiv li yo tout sa yo vin antre anndan ministè a, sa ki vin pi fasil la se pou yo ka kontinye swiv.
3. *Konesans*. Li enpòtan pou lidè a enfliyanse lòt moun ak konesans yo genyen, nan bezwen ministè a, ak vizyon pou demen.

4. *Enstwisyon.* Menm jan li enpòtan tankou konesans la se, direksyon an mande pou chèf yo fè plis efò. Lidè yo kapab pale de pasyon yo genyen pou kounye a, ak vizyon tou nèf yo pral aplike nan ministè a.
5. *Eksperyans.* Lidè yo bezwen eksperyans pou yo demontre tout sa yo ka fè. Sa posib pou tout moun wè li, men u kapab transmèt li tou bay lòt, se tankou yon jaden w'ap simen grenn, eksperyans la se pa yon garanti li ye men li ankouraje lòt moun yo ba w okazyon pou w moutre kapasite w.
6. *Bon rezilta nan tan pase yo.* Eksperyans ki gen prèy yo moutre sa w te fè. Konsa, chak bon rezilta se yon lòt egzanp de kapasite ke direksyon an genyen.
7. *Kapasite.* Moun yo pral swiv ou pou anpil tan kòm ou moutre kapasite ou genyen. Lè pèp la pa kwè nan kapasite w pou anpil tan, yo pral sispann swiv ou.⁵

Le lidè yo wè lavi nan eksperyans fè ministè pou demen. Kèk ladan yo ki fèt ak tout kapasite yo epi gen lòt ki devlope li. Nou kapab wè bagay sa tankou kapasite ke yo jwenn nan yon faktè nou pa ka manyen, konsa tou nou resevwa nan yon lòt faktè, nou kapab sèvi ak yo pou nou ranpli wòl nou genyen nan ministè a. Sa ede nou travay ak yo pou kapab dekouvri sa ki manke nan ministè a. Konprann sa pi gwo foto a vle di epi gade byen se lòt eleman anplis nan kapasite a. Paske bon lidè yo devlope tout kapasite yo nan analize pwòp tèt pa yo byen menm jan yo fè l pou lòt moun yo. Analize pwòp tèt pa yo genyen ladan li konnen fòs yo, talan yo, ak feblès yo. Sa ap pèmèt ou devlope yon ekip nan direksyon an byen konplèt.

Kle pou yon chèf travay byen

Chèf yo se moun ki toujou okipe yo ye; epi wòl sa a li toujou anba kontwòl yo. Nou kapab fè fas ak anpil pwoblèm nan manm yo ki nan komite a, nou kapab jwenn ke nan chak reyinyon yo genyen kèk manm ki pa dakò ak kèk tèm ke lidè an chèf la ap diskite ak yo, takou pwoblèm nan zafè lajan le y'ap planifye kèk bidjè, lis sa y'ap diskite yo pa janm fini. Hans finzel ki chita nan tèt gwoup la idantifye kèk bagay enpòtan yon lidè kapab bezwen pou l kanpe fèm responsablite li. Fok nou kreye yon oganizasyon. Estrikti ki genyen nan ministè moun kap viv sel yo ki kapab toujou rete menm kan genyen yon nouvo direkte ki vini, pou tet sa, nouvo direkte a kapab ajoute oubyen tou chanje sa kap fet nan ministè a. Genyen yon bagay enpòtan nan chak oganizasyon se pou nou mete moun yo nan wòl ki koresponn ak yo nan oganizasyon an.⁶

- *Konsève vizyon.* Lidè yo konsève vizyon an pou yo kapab enfliyanse lòt moun k'ap viv sèl yo nan ministè a. Li enpòtan pou nou sonje ke moun k'ap viv sèl yo antre nan vizyon yo tou yon fason pou ede travay la mache. Lidè yo dwe asiste epi bay kout men pou vizyon yo reyalize.
- *Kreye yon oganizasyon.* Baz ministè moun k'ap viv sèl yo kapab rete san yo pa mele nan sak' rele tranzisyon direksyon an; poutan, yon direktè tounèf kapab ajoute oubyen chanje kèk bagay nan ministè a. Yon eleman kle ke tout oganizasyon genyen pou mete moun ki kòrèk yo nan travay yo.
- *Chwazi yon ekip ki kòrèk.* Moun k'ap viv sèl yo nan konsèy la jwe yon wòl enpòtan lè y'ap gade kapasite w ak travay ou kapab fè. Chak moun n genyen yon karakteristik diferan tankou, talan li, nan jan li travay o kapasite moun nan. Se pou w asire ke konsèy ou a parèt klè devan je moun k'ap viv sèl yo nan rasanbleman an.

Selibatè pou granmoun Ministries Manyèl pou Lidè

- *Chanje kilti.* Yo defini kilti a tankou tout valè ak konpòtman ke yon moun kapab genyen nan kominote kote lap viv la. Genyen valè ki pa nan yon liv ak prensip ke moun yo aprann nan kominote a lè yo rasanble youn ak lòt.
- *Chèf ekip.* Depi chèf yo se yon egzanp pou gwoup moun y'ap dirije yo, w'ap gen plis pouvwa pou korije yo ak pase yo lòd. Chak manm nan gwoup la dwe moutre w feblès yo ak fòs yo pou ministè a kapab avanse pi devan epi, fè reyinyon pou travay la ka mache pi byen.
- *Pran swen ekip la.* Pran swen manm yo nan konsèy la ak gwoup ki nan ministè a genyen ladan li pwodwi resous ak okazyon pou ministè a grandi ak devlope. Depanse tan ak lajan nan ministè moun k'ap viv sèl yo se pa yon bagay k'ap fini.
- *Rezoub pwoblèm yo.* Se yon pati nan responsabilite direktè a genyen pou rezoub pwoblèm moun yo genyen, epi chache yon solisyon pou yo chak. Sa ki esansyèl la se anseye yo epi pase manm konsèy yo lòd pou chache wè ki pwoblèm yo genyen. Lòt bagay ankò ki esansyèl nan ministè a se aprann yo epi prazante sak' pase yo ak komite a. ou riske? Ou kapab, men se pouw sonje konfime ak tout manm konsèy la konbyen manm ki genyen nan ministè a anvan yo pran yo desizyon.
- *Obstak nan fè pwogrè.* Gen yon bagay ki nan tout moun, se lè nou genyen yon bagay pou n fè nou jwenn anpil difikilte pase sa nou ap tann. Se pou devlope yon sistèm pou ede ak verifye tout pwogrè k'ap fèt nan ministè a, tankou pwogram, evènman, ak tout lòt aktivite ankò.

Anpil fwa travay yon lidè sanble pa janm fini. Responsablite a koumanse epi fini avèk lidè a. Ministè a se yon pil kado, ki genyen ladan li talan, respè, eksperyans, fòs, disiplin, vizyon, ak devlope yon ministè.

Kado direksyon an

Pa sèlman konprann ke moun kap viv sèl yo avèk administrasyon an pral okipe yo nan zafè kado espirityèl pou direksyon an. Anpil fwa chèf yo konn fè mouvman kado sa mache menm nan rejyon ke kado espirityèl yo difisil pou dekouvri yo. Yon moun kap viv sèl avèk yon kado pou anseye li kapab fè yon etid nan Bib la. Yon moun kap viv sèl avèk yon kado mizèrikòd kapab sipòte anpil moun ak fè yo kwè ak sekirite. Yon kado mizèrikòd, moun nan kapab fè manje tou ak fè rad pou moun ki nan nesite yo, fè yon kizin pou fè soup pou yo. Yon moun ki gen yon kado egzòtasyon kapab ankouraje lòt yo leve defi epi moutre yo youn renmen lòt ak fè bon travay. Yon moun kap preche levanjil kapab fè moun kap viv sèl yo vin angaje yo plis epi pi anfòm nan temwaye bay moun ki pa al legliz yo.

Dekouvri epi devlope kado ke nou genyen yo

Yon ti bebe kapab fèt ak yon bon entelijans men pi devan li kapab genyen yon pwoblèm nan sèvèl li pandan ke li koumanse ap grandi se kapab yon pwoblèm nan zòn kote l'ap viv la. Pou tèt sa, yon kreyen kapab genyen yon kapasite pou yon ministè (yon kado espirityèl ke l genyen) epi li pa ankouraje pou l grandi. Kado espirityèl yo bezwen pou nou dekouvri yo epi tou pou nou devlope yo. Genyen anpil zouti ki vrèman itil pou ede yon kreyen vin dekouvri ki kado espirityèl ke li genyen. Genyen anpil liv ki pale sou sa pou konnen kijan pou yo devlope kado sa. Mande pastè nou yo enfòmasyon.

Se pou nou pa gade sou kèk bagay ki frape je nou pou nou pa chache konnen kijan poun pale ak devlope kado ke nou genyen yo. Pwofesè yo kapab aprann epi konnen byen kijan pou devlope yon tèm ak yon bon metòd. Moun k'ap pale yo kapab aprann epi konnen kijan pou yo fè yon diskou. Lidè

yo kapab vin pi byen fòme ak semine ke yo fè yo a. kijan pou byen dirije, ak konpetans pou fè ministè a avanse. Kreyen yo konn konsidere liv nan lari yo tou pou kapab ede yo grandi nan lavi espirityèl yo. Kèk fwa yo konn jwenn yon pwofesè pou anseye yo ak menm liv sa yo pou moutre yo kouman pou yo fè pou yo grandi.

Konon kado moun yo ak fwa yo nan yon ministè kote yo kapab pale, konstwi bon sans yo, signifkasyon yo konpetans, ak kontribisyon legliz la. Ankouraje moun yo sèvi nan jan yo dwe fè l. Li fasil pou vini yon moun espesyal nan fè byen nan travay nan yon rejyon ki gen anpil konpetans ak efikasite.

Pran kado moun yo an konsiderasyon kapab sove lidè yo de tèt fè mal, ki vle di ede l nan tout preokipasyon l yo paske sa kapab mennen yon sityasyon byen difisil lè kèk moun pa gen kapasite pou yon travay, men li nan plas la paske li se yon moun enpòtan. Pou fini, pi gwo avantaj nou genyen se sèvi ak kado espirityèl nou genyen yo, nan travay Bondye pou tout glwa li ka manifeste nan legliz la.

Lè nap gade nap wè ki moun ki genyen talan epi kap travay nan plas yo kapab jwe lè sa nou ede lidè yo nan danje ki kapab vin sou chemen yo. Sa akapab mennen yon sityasyon difisil lè yon moun pa genyen talan epi metel travay nan sal i pa kapab fè. Pou nou fini, nan pi gran avantaj nou genyen se sèvi ak kado espirityèl nou genyen mete yo nan travay Bondye pou tout glwa li ka manifeste nan legliz la.

Travay ak moun ki vle⁷

Prèske tout ministè nan legliz mande anpil dispozisyon oubyen patisipasyon moun ki vle yo sèlman. Bay kouraj, fè chanjman, kenbe kèk ladan yo ou wè ki vle travay nan tout preparasyon enpòtan yo, kap fè efò pou yo kontinye tou.

Parrott - “Premyè bagay ki bay moun ki vle yo kouraj se konprann ak bay yo enpòtans ak priyorite yo genyen.”⁸ Anvan w deside bay, manm legliz yo dwe rann yo kont ki nesese ki genyen an premye ak yo bezwen konnen ki enpòtans nesese yo genyen. Konsa se yo menm ki pou deside si yo vle sèvi oubyen non.

Desizyon pou moun bay la kapab fonksyone se lè tout bagay ap byen mache nan legliz la ki fè lòt moun vle travay. Lòt bagay ankò ki genyen, gen anpil moun ki pa bay tèt yo se paske yo pè. “ak pè yo gen nan lespri yo menm lè yo ta gen talan pou travay, yo rete paralize.”⁹

Pran anpil swen lè wap esplike moun ki vle a travay li dwe fè. Sa ki difisil la se wap jwenn plis moun ki vle k esa pa ta vle. Chwazi bon travay ki enteresan pou moun ki vle yo, lè fini pran swen pou w ba yo bon direksyon nan sa yo gen pou yo fè a, bat pou travay yo toujou soti byen oubyen ki gen bon kalite. Pou moun yo kontinye travay san pwoblèm, yo ta dwe wè kouman moun konsidere travay yo fè a epi kreye mwayen pou yo santi yo menm tou yap grandi nan travay la.

“Travay ki fèt plizyè fwa san enpòtans kapab kreye yon diskisyon nan mitan moun ki vle travay yo.”¹⁰

Kapasite natirèl yo se: Talan, ak kado espirityèl yo

“Vrè ministè a pran nesans se lè li te dekouvri sa ki ka kouvri nesese epi jwenn moun ki mache pran bezwen sa yo pou sèvi ministè a”. Aranje, bezwen sou fè kado pou moun yo vrèman enpòtan nan ministè a”.¹¹ Gen anpil kesyon kap poze pou konnen kouman nap fè pou nou fè moun yo gen menm valè travay pou moun ki vle travay ak ministè a ansanm ak lòt moun ki vle yo men ki fè pati ministè a.

Gen yon metòd natirèl pou n chache moun ki konn ede pi byen. Se vre nou ka santi nou anndan yon anvlop kote ke nap baya k resevwa tanzantan, gen anpil moun ki wè pou yo ede se plis nan moman gen aktivite ke lòt moman yo. Moun sa yo, yo releyò anpil fwa chèchè natirèl. Yo vin disponib tou pou moun sa yo ki nan bezwen menm nan fanmi yo, nan vwazinaj yo, kote yap travay, oubyen nan kèk òganizasyon kote yo menm yo ye. Moun sa yo se moun ki enpòtan anpil nan sosyete a ak kapasite yo genyen pou fè travay sa poukont yo, yo sanble ak bon pwofesyonèl nan domèn sa kote yo vin sèvi tankou moun kap rezoud pwoblèm ki pi difisil yo nan sosyete a. Kèk nan chèchè natirèl leve kanpe pou yo defann pozisyon yo, men anpil ladan yo prefere rete travay an sekre (dèyè sèn).¹²

John Ed Mathison bay yon konsèy li di: Lè nou gen atitid pou nou ankouraje moun ki vle travay yo se yon bagay ki enpòtan anpil. Moun sa yo ki deja gen eksperyans nan ministè a konsidere anpil kado yo ba yo san moun pa bezwen vote pou yo pou sa, yo menm tou se tankou yo ta genyen yon ministè pèsònèl, se yo ki sèl chèf nan pran desizyon. Lè moun ki vle travay yo posede yon bagay nan ministè a, yo tou prèt pou yo mache dèyè sa yo genyen an. Yon ti etid tou kout ki mande karakteristik ki bay bon rezilta, kapasite pou nou sèvi moun yo, kalite sèvis nou bay pètèt pou nou bay chak moun menm kantite travay ak moun ki deside yo. Konnen byen si yo gen kèk sityasyon difisil yap travèse nan vi yo oubyen travay la pou yo ka rann yo kont ke yo enpòtan anpil pou ministè a ak pou yo ka santi yo byen kote yo ka dekouvri ke travay nan ministè a se yon opòtinite.¹³

Moun sa yo ki gen bon jan yo, yo fè wè sa nan jan yap viv lavi esprityèl yo, fason yo reponn, jan yo santi yo, ak jan oy mare zanmitay yo ak lòt moun. Bon jan, familyarite, byen, ak tout sa moun nan prefere poukont li tout èd yo defini nan yon sèl bwèt pou sa ki vle yo nan ministè yo ki nan legliz la. Lè fini ankò li bon pou nou mande moun ki vle travay yo pou yo travay ak kado esprityèl ke Bondye te ba yo. Kado esprityèl yo ke Bondye bay pou konstwi legliz la (I Corintios 12 ak Efesios 4). Kado moun sa yo dwe mete komite a nan menm ran oubyen fonksyone menm jan kote kado esprityèl yo pral byen travay.

“Chèf yo se prèske bouwo yo ta dwe ye nan fè moun yo dekouvri kisa ki kado esprityèl la nan ministè a.”¹⁴, Malerèzman anpil nan moun yo pa konnen kisa kado pa yo a ye oubyen kijan pou ye fè pou yo dekouvri yo. Anpil nan kwayan yo pa janm pale sou kado esprityèl ke Bondye bay chak moun pou benefis legliz la, ni yo pa asiste pou yo ede moun yo dekouvri l nan yo menm oubyen nan lòt yo. Lè moun ki gen gwo eksperyans yo pale de “yon ministè” yo toujou ale kite l byen souvan. Menm pozisyon saa dwen chanje youn akyon lòt fwa. Lè Bondye rele yon moun nan ministè a, yo jwenn byen souvan yon lòt sans tou nèt pou lavi yo epi yo renmen yon ministè ke Bondye bay.

Lè moun nan chache yon legliz, reyèlman ta sanble yo bezwen yon anbyans yo kapab dekouvri bagay sa yo: zanmitay, esprityèl, ak byen resevwa yo. Garth Icenogle ekri, “Nou grangou pou nou toujou reyini ansanm. Lespri nou ap kriye pou lòt yo ka rekonèt nou, pou lòt yo renmen nou, pou nou asire nou sou lòt yo.”¹⁵, Daprè Diana Garland, moun pa ansanm pou yo fè yon tranmay nan sosyete a ki gen gwo enpòtans ak gwo valè, byen rapid nap chanje sèn, kounye a li pa pèsònèl.

Bondye te rele nou pou n te ka fè pati kominote kretyen an. Kominote se yon kado Bondye bay; paske li bannou favè li ak gras li, se yon posiblite ke noumenm lòm nou jwenn. Tout komite inivèsèl lafwa yo pran nesans nan legliz lokal yo, se yon fason pou moun yo pataje lavi yo ansanm nan yon jan pou moutre lanmou Bondye ak mizèrikòd li. Etid yo moutre ke lè yon moun jwenn yon legliz, si yo pa antre nan okenn gwoup oubyen fonksyon nan minbistè a pandan sis (6) mwa, 50 pousan ladan yo ap vi n frèt. Pi bon fason nou ka evite sa se mete chak moun nan yon bagay nan ministè a.

Menm si pi plis nan moun ki vle yo se moun ki gen anpil eksperyans yo ye, ki gen anpil konnen anpil bagay nan Bib la, nan teoloji, ak esprityèl byen pou yo bay, pa bliye jous ka prezan se lòm yo ye ki pral sispann panse sou, ki benefis yo fè nan travay volontè pou demen. Sa se yon reaksyon lòm. Moun

ki vle yo ap tann avantay materyèl, pou sosyete a leve yo anlè, bay yo valè, nan yon sans pou moutre yo ke yo te fè yon bon travay. Byen souvan yo konn pale mal de libète yo genyen pou yo bay moun yo vle tò.

Fòmasyon pou moun ki vle yo

Tout moun ki vle yo dwe pase yon fòmasyon anvan pou yo koumanse fè yon travay nan ministè a. Fòmasyon an fè nou gen plis konfyans nan sa moun nan ka fè ak fè yon ministè kap bay bon rezilta. Lè nou fin rele moun ki gen eksperyans yo, yon moun dwen antrene yo epi ede yo pou aprann sipòte, yo dwe ankouraje, lè fini yo dwe grandi antre yo menm. Fòmasyon yo ap fèt tankou: Seminè yo, retrèt yo, konferans yo, ak diskisyon yo, yo kapab fè yon gwoup kote chak moun ka bay yon lide ak bay moun ki gen anpil eksperyans yo plis fòs.

Fè fòmasyon pou moun nan poukont li pap sifi. Sito unan tout pwogram yo moun yo santi yo trè espesyal, kòm konsekans moun nan deside pou l ede ministè a grandi. San onkenn fòm pou kontonye bay èd yo, chèchè natirèl yo ka santi yo pèdi fòs nan travay la.

Ministè moun kap viv sèl yo, ansanm ak lòt ministè yo ak yo, yo dwe bay travay epi reyalize rèv yo. Moun sa yo ki bay tèt yo pou travay dwe santi yo chèf nan branch yap travay la. San santiman chèf sa, yap santi yo pèdi entèrè, boule-deyò, yap vin dekouraje, epi abandone. Pou nou evite pèdi moun ki vle travay yo ak moun ki gen anpil eksperyans yo ke se swa nan piblik oubyen an a de, se pou ou rekonèt fòs ministè a oubyen pwogram yo. Ministè moun kap viv sèl yo, san n pa gade ki gwosè legliz la, se pou n mande tout moun se pou yo travay se tankou se te nan yon gwo legliz.

Kijan nou ka al pale ak yon moun ki vle travay epi ki gen valè pou sa

Gen anpil chèf ki pran lari y'al byen lwen pou ofri travay, tout sa se paske yo pa konn kijan yo ka apwoche bò kote moun yo pou pale ak yo pi byen. Se pa yon bagay ki difisil men sa mande pou n getan wè byen davans ak yon kwayans ke travay moun sa pral bay bon rezilta.

La genyen kèk fraz nou pa ka sèvi ak yo pou n envite yon volontè ak sa ki kapab yo:

“Mwen konnen ke ou okipe anpil men...”

“Sa ta nwi ou si w ta ede nou fè kèk ti bagay nan pwogram nou an?”

“Nou santi nou dezespere pou n ta jwenn moun ki fèk vini yo, pou ede n. Ak tout kè nou, nou ta renmen w di nou wi.”

“Ou santi w ka ede nou fè sa?”

“Nou paka jwenn lòt moun pou fè travay sa....”

La genyen kèk ti fraz byen senp nou ka itilize lè nou ap envite yon moun ki gen kapasite nan ministè a:

“N'ap chache kèk moun ki gen talan reyèl nan domèn sa a pou responsablite sa.”

“Ou genyen enterè pou w travay nan domèn sa?”

“Kouman nou kapab ede ou pou w pataje talan ou yo pou ede ministè moun kap viv sèl yo?”

“Pandan m'ap swiv, ta sanble ou gen enterè pou ou travay nan branch sa a.”

Lè n'ap fè yon envitasyon, piga nou mande eskiz. Pa egzanp: "m panse ke ou ka twò okipe pou ou ede nou, men m ta renmen mande ou pou ta". eskiz, se pou nou pale ak moun ki gen talan yo pou travay la nan yon fason pou fè yo konnen ke sa se yon kote ki pi enpòtan pou yo ta envestí tan yo, oubyen saw mande yo fè a, ap itil yo anpil. Envite moun ki pozitif, senp, ak onèt.

La gen twa (3) bagay ke moun kap travay yo dwe konnen:

1. Èske sa konsiderab? Èske sa nan plan Bondye? Mwen pral gen yon bon san ki gen valè?
2. Èske m ap gen otorite ak bon fondasyon? Kouman lòd yo ye? M' pral gen libète pou m pran kèk bagay ki fèt deja?
3. Sa ki genyen nan fòmasyon? M' ka jwenn kèk moun ki pou ede m fè sa yo mande pou m fè yo?

Sonje pran swen moun sa yo nou te rele pou vin travay ak nou, si yo di "wi" oubyen "anyen" nan sa yo ta dwe fè. Lanmou Bondye kapab anbrase yo a travè bon anvi yo genyen pou yo rete koute, kapab sipòte, kapab konprann tou moun sa yo ke oumenm nan ministè a ak yo. Bon anvi nou genyen pou nou mare zanmitay ak yo epi apresye travay yo fè yo ak sitiyasyon nan fanmi yo kapab chanje ak yo kapab bay yo lòd pou yo patisipe nan lòt sèvis nan tan ki gen pou vini yo.¹⁶

Responsabilite delege

Chèf ki gen gwo eksperyans yo bay manm ki nan ekip yo a dwa politik pou yo ka konplete reponsablite yo pi byen epi li konnen moun sa yo vle akonpli objektif yo nan yon chimen ke responsablite yo ak estil yo parèt byen klè. Tankou chèf yo, gen kèk responsablite ki rezève pou Direktè Ministè Moun kap viv Sèl yo.

- Se pou ou responsab kominikasyon ak direksyon legliz la. Kòm Chèf nan Ministè Moun kap viv Sèl yo, ou dwe rankontre ak direksyon an pou nou asire bon mach ak reyalize rèv Ministè Moun kap viv Sèl yo ak kouman yo fòme yon bon gwoup pou tout legliz la. Konsève direksyon ou jwenn nan.
- Se pou ou reponsab kominikasyon avèk konsèy Ministè Moun kap viv Sèl yo. Chèf ki bay tèt yo pou travay yo bezwen konnen ke yo chè anpil api moun bay yo anpil enpòtans epi travay yap fè a gen lavi. Sonje ke tout kominikasyon genyen ladan l bay epi rezewwa enfòmasyon. Si chèf la ap jije sèlman pou li kominike san li na koute lòt moun, sa se pi gwo posiblite ki genyen pou ni kominikasyon ak gwoup kap dirije a tou kraze.
- Se pou ou antre nan pwogram kap fèt pou pwomosyon an. Li pa tèlman enpòtan pou Direktè a responsab materyèl pwomosyon yo. Konsa li enpòtan pou chèf yo antre nan ekip kap travay pou yon bon kalite materyèl.
- Se pou ou antre nan ekip kap chwazi moun tou nèf ki pou fè manm nan gwoup la. Pran tan ou pou konnen byen moun sa yo ki enterese pandan wap jwenn ak gwoup la. San w pa bloke limit pou moun antre nan gwoup la, li enpòtan pou w konsève yon gwoup ki sanble.
- Se pou w konnen byen si w'ap kontinye, asire tout ti detay evennman yo ak tout enfòmasyon pou moun kap antre tou nèf yo. Li posib pou ou kontinye pwosesis la si sa ta rive san fè responsab yo santi yo gen moun kap voye je sou yo.
- Se pou w pale di kouman w apresye ekip chèf ou yo. Avèk moun ki vle yo, yo bezwen tandè pawòl apresyasyon ak lwanj nan mitan piblik epi fè apèl yo, bay yo nòt pou travay yo fè yo devan je tout moun.

- Se pou ou bay enfòmasyon sou zafè lajan. Chèf yo responsab pou fè bidjè ak fè plan chak fwa sa nesesè.
- Prezante pwoblèm yo byen vit. Sonje ke dènye responsablite a se Ministè Moun kap viv Sèl yo. Solisyon yo ap vini byen vite pi ak lanmou.¹⁷

Rezoud diskisyon yo

Diskisyon an pran nesans se lè moun yo ap travay epi kreye yon ministè oubyen rive reyalize yon rèv tout ansanm. Kanpe sou Pasifikatè pa Sande, la genyen senk fason nou ka rezoud diskisyon.¹⁸

1. Premye fason an se pa fè pèsòn fache. Gen kèk diskisyon ki twò pa gen sans epi, konsa, li ka rezoud nan yon moman kote nou ka fè silans epi san pwoblèm nou padone moun ki gen tò a. yon egzanp se sa yap di ki mal yo ki ka fè l fache.
2. Diskisyon fè moun nan mande padon oubyen fè youn vi n renmen lòt. Moun yo ka pale sou sa ki te fè diskisyon an pete nan mitan yo, wòl chak moun jwe, ak sa ki ka fèt pou pwoblèm sa rezoud. Diskisyon an genyen ladan l pwoblèm nan, pandan ke moun nan ka di ki wòl li jwe nan mitan diskisyon an, di ki wòl ou jwe nan diskisyon sa a, fèm wè deklarasyon ou yo, ak aksepte chak wòl ke chak pati jwe.
3. Kèk negosyasyon nesesè. Byen klè, pwoblèm sa yo gen ladan yo lajan, byen, oubyen lòt dwa. Nan negosyasyon yo, fèt yo chache mwayen pou pou yo rive nan yon pwen kote lajan yo peye a satisfè tout bezwen legal yo. Negosyasyon yo eseye fè yon sitiasyon pou genyen/genyen ki nan diskisyon an, yo de jwenn kèk bagay nan menm tan ke oumenm ou konpwomèt sou kèk bagay.
4. Si negosyasyon an pa bay onkenn solisyon, pwochen pa se pral medyasyon. Mande youn oubyen de moun pou pi plis pou rankontre ak moun yo pou ede yo komonike pi byen epi jwenn solisyon pwoblèm nan.
5. Pas pou fini an se ak yon jij. Sa gen ladan l yon randevou de youn oubyen plizyè moun pou koute diskisyon an epi pran yon desizyon ke pèsonn pa ka retire pou ranje koze a. Byen sanble, sa fèt nan biznis ak sikonstans legal yo.

Pètèt oumenm ou pa konsidere sak rele negosyasyon yo, medyasyon, oubyen jijman pou rezoud diskisyon. Pou pi posib, ou konn itilize kèk fòm de negosyasyon san nou pa menm konn etap yo. Medyasyon an kapab fonksyone tankou ou te diskite pwoblèm yo ak zanmi pwòch yo. Vizyon yo kapab lakòz ou rezoud diskisyon san ou pa menm konnen etap yo.

Diskisyon an kapab fèt nan mitan manm ki nan menm gwoup chèf yo, konsa nou kapab sèlman fè travay yon jij. Finzel te bay yon lide anvan ke nou dakò jwe wòl yon jij, mande si sa gen ladan l pou pale de pwoblèm ak solisyon kòm objektif. Finzel rekòmande règ sa yo.

- Antre nan mitan tankou yon jij. Bay kouraj ak sa yo ki te nan diskisyon an rezoud pwoblèm nan ak pèmèt yo dekouvri kouman sa pral fini.
- Bay sa tan. Bay tan sifi pou yo tout pale di ki pozisyon yo epi konprann plas yo olye pou w prese pou w fini diskisyon an.
- Pa akize ni pa repwoche. Konsève moun ki konfonn yo sou yon plan -- jwenn yon solisyon pou yo. Mete aksan sou sa ki kòrèk yo epi di ki moun ki te fèl kòrèk.

- Gen, aksepte-padon de erè yo. Pèmèt moun yo rekonèt limit yo avèk gras. Sonje kèk moun ki te pi di, men pi fò, pawòl yo se,” Mwen pat twonpe mwen.”
- Jwenn yon zòn pou ou bay kout men. Kreye mwayen pou sa yo antre nan diskisyon pou travay ansanm pou yon sèl objektif.¹⁹

Lè nou nan mitan yon diskisyon, youn nan premye kesyon ke nou dwe reponn se, “ ki rezilta mwen vle”? reponn kesyon saa byen onèt jwe yon wòl enpòtan nan apwòchman ke ou pran. Sonje ke bouch boude sa ak opinyon diferan sa se yon pati nan lavi a chak jou li ye. Se tankou oumenm kouvri avèk aji ak yo ki reprezante diferans lan. Bouch boude a se yon emosyon, yon santiman, epi pa gen anyen ni bon, ni mal nan sa. Poutèt sa, tankou kretyen, nou mete nou byen fache ak diskisyon de eksperyans. E poutan, eksperyans kretyen nou genyen dwe pèmèt nou kouvri avèk ak reyaji diferan.

1. Jeren Rowell, pridan, ke adrès la moutre, kominikatè a, Kay Piblikasyon Nazareyen: La vil Kansas, 2001 de Jiyè.
2. Ibid
3. Max De Pree, adrès la se yon desen, (Nouyòk: Vallon Pibliye, 1989), paj xx..
4. Warren Benis, direktè moun sa yo renmen rasanble an gwoup de chat, (provo: Ekselans ki pibliye nan kad, 1997).
5. John Maxwell, 21 lwa pou chèf yo ki paka revoke, (Nashville: Thomas Nelson, moun kap pibliye), 1998.
6. Hans Finzel, chèf ki otorize yo, (Nashville: Pawòl pou pibliye), 1998.
7. Seksyon sa a sou volontè yo soti nan materyèl sa yo ke Anita Greening te ekri nan reyalizasyon kèk egzijans pou yon degre nan adrès ak yon rapò ant moun ak moun nan Inivèsite Nazareyen ki nan Amerik Santral la.
8. Leslie Parrot, motive moun ki vle nan lokal kote legliz la ye a, (Kansas City: Kay kap pibliye nan Nazareyen, 1991), p.27.
9. Ibid., p. 45
10. Ibid., p.137.
11. John Ed Mathison, chak moun nan ministè, (Nashville: Mwayen pou moun bay leson pou moun yo vi n disip Kris, 1988), p.21
12. Dania S. Garland and Diane L. Pancoast, ministè legliz la ak fanmi yo, (Dallas: Pawòl pou pibliye, 1990), p. 67.
13. Howard W. Stone, Legliz lanmou an,: Yon gid pou pran swen pastè ki gen anpil tan nan legliz la epi ki pa ka travay ankò, (San Francisco: Haper & lign nan, 1983), p. 99.
14. Brian Kelley Bauknight, Batiman kò a,: Kreye yon ekip ministè atravè kado espiyèl yo, (Nashville: Abigdon Press, 1996). P.17.
15. Gareth Weldon Icenogle, Fondasyon ki fè Bib pou ministè ki gen ti gwoup , (Bosket de Downers.. InterVarsity press, 1994), p. 27.
16. Yo dako avek pèmasyon Sue Nilson
17. Yo dako avèk ministè Fanm yo, pwoblèm # 131, Jeudi, le 15 Dawou, 2002
<http://www.womensministry.net>
18. Ken Sande, pasifikatè, (Gran rapid: Baker), 1997.
19. Finzel, p.8

Chapit Senk

Dirijan

Nan tan lontan ti gason yo te konn travay avèk papa yo pou kapab satisfè bezwen yo nan lavi a, sa te jwe yon wòl enpòtan nan lavi. Nan epòk sa yo aprann nan te gen yon sans fè zanmitay ak yon dirijan. Jenn gason yo menm te genyen chans pou aprann fè komès oubyen travay pandan y'ap gade epi tou devlope kapasite yo sou lòd yon pwofesè. Pandan tan sa a, ti fi yo menm ap aprann konnen kapasite yo genyen nan fè travay nan kay pandan y'ap travay ak manman yo nan aprann kwit manje ak tout lòt aktivite nan kay la. Lòt manm nan fanmi yo menm fè konnen ke tout konpetans sa yo pase de yon jenerasyon ak yon lòt.

Eksperyans dirijan te fè yon gwo mouvman kite bay bon enterè nan lanne 1990. Pètèt sa se rezilta de moun ki te konprann ke yo te separe de fanmi yo. Tankou grann yo ak gran papa yo, matant yo, tonton yo, ak kouzen yo, ki pa te disponib pou fè travay yon dirijan, anseye, ankouraje, bay leson pou fè yo vin disip, ak antrenè.

Jounen jodi a genyen yon pakèt mo ki pale de relasyon ki sanble modèl yo ak wòl dirijan yo. Nou jwenn pawòl sa yo anndan dirijan an tankou: pwofesè, moun k'ap ankouraje, fòmasyon, ak antrenè. Pandan ke genyen kèk ti resanblans nan yo, men bi prensipal la se: yon moun ki ap ede yon lòt grandi.

Ministè moun kap viv sèl yo, se yon bon kote oubyen yon modèl pou devlope ak aprann. Fonksyon nan ministè moun k'ap viv sèl yo, se lè lòt moun ap gade y'ap wè kijan lavi yo vin chanje.

Ki modèl ki genyen nan ministè a?

Moun ki kapab jwe wòl modèl yo se moun sa yo ki gen bon konpòtman ak kapasite, men san yo pat konnen sa genyen yon gwoup moun ki t'ap etidye yo epi bay yo kontwòl nan tout sa yo t'ap fè pou te konnen si yo t'ap kapab fè travay la. Moun sa yo kapab konnen oubyen pa konnen tou si yo jwe yon wòl enpòtan nan ministè a. Yo konn pa konnen si relasyon yo ak moun genyen anpil enpòtans lè yo wè ke lavi yo se yon egzanp nan ministè a. Modèl sa yo bay anpil egzanp nan lavi pesonèl yo, nan travay y'ap fè, oubyen eksperyans a travè eksperyans tou nèf yo.

Kòm nou te deja pale sou sa yo, modèl sa kapab fèt san pa genyen yon relasyon pèsònèl ak moun. Anpil moun jwenn bon konprann ak valè nan li liv oubyen nan yon atik sou yon moun ki te yon bon modèl nan sosyete a oubyen nan mond kretyen an. Anpil ladan yo eksplike kouman yo li liv yo, sou kretyen ansyen yo nan jan yo te mete la fwa yo nan bondye. Tout sa ankouraje yo pou lite ak mete plis konfyans yo nan kris la. Pa egzanp, nan etap li yo pou mennen yon lavi ki dwat ki bay bon rezilta sèlman nan li liv, tout sa yo ankouraje kretyen jounen jodi yo pou avanse pou pi devan nan mete konfyans yo nan li.

Kisa aprann nan ye?

Aprann nan se te yon eleman de baz nan lavi anvan lanne 1990. Yo te konprann li pandan ti gason, ak ti fi te konn aprann plante, fè jaden, ak tout lòt kalite bagay nan lavi a; nan travay ak papa

yo ak manman yo. Sa se te yon metòd ki pi bon yo te konn itilize pandan yon moun t'ap aprann kay yon bòs. Aprè tan sa a, kesyon pou ale etidye nan inivèsite vin pran yon lòt etap kote etidyan ki te aprann nan kay yo koumanse fè lekòl. Aprann pa mwayen yon lòt vin fèt kounye a nan lakou kay wa pou aprann nan zafè konnen kouman mennen lavi. Nan dizwityèm syèk la (XVIII).

Jonathan ak Sarah Edouard te konn genyen youn oubyen plis moun ki t'ap viv nan kay yo pou gade wè kouman pou yo fè nan maryaj la ak kouman yo dwe konpòte yo nan lavi espirityèl yo.

Lè nou chache mo aprann lan, nou wè ke chak ekriven bay yon definisyon pou mo sa a. Konsa gen anpil lòt moun k'ap panse ke melanje definisyon pa yo a youn ak lòt. Nan yon atik, Paul D. Stanley ak J. Robert Clinton defini l konsa "se yon konesans nou resevwa pandan ke moun ki genyen an ap pataje sa Bondye ba li a ak yon lòt". Lè nap aprann, Bobbiel bay definisyon pal la li di konsa: Nan relasyon nou genyen nan lavi a pandan yon pwofesè ap ede yon moun jwenn yon konesans ke Bondye bay".

Moun k'ap moutre moun yo pataje tout leson ke yo menm yo te genyen chans aprann yo, y'ap bay kout men, vin santi yo genyen plis fòs pou moutre moun yo ak anpil lanmou pou moun swiv yo. Mo nan bib la ki pale sou moun k'ap moutre lòt yo defini l nan sans sa a: kòm sa ki bay tout tan yo nan fòmè lòt pou grandi, devlope, ak bay bon rezilta nan sa y'ap fè. Definisyon sa chita sou la fwa ak tout avantaj sou moun yo. Nan tout valè sa moun k'ap aprann lan genyen kòm yon apranti, kapab fèl bay plis enpòtans ak sa l'ap aprann nan. Howard Hendriks nan sèminè teoloji Dalas wè moun k'ap aprann yo tankou yon bann moun ki nan yon konkou. Sa k'ap moutre yo bay tout fòs yo pou lòt vin grandi, epi konsève yo nan bon chimen, ak ede yo pou yo kapab konpli tout sa yo genyen devan yo pou yo fè.

Yon ti kout je sou lavi pèsònèl lidè kretyen yo ki nan bib la, nou menm tou nou konn rankontre nou nan menm sitiyasyon sa kote n'ap aprann nan men yon moun. Moyiz te prepare jozye poul te kapab vin lidè pèp izrayèl la pou kapab rantre kanaran ak yo. Eli li menm te ede samyèl vin youn ki te kapab tandè vwa Bondye epi vin yon limyè pou nasyon Izrayèl la. Prisil ak Akilas anseye Apòlòs, yo te anseye li sa ki bon pou fè li grandi nan la fwa, ak dirije ministè a. Banabas te apran nan men Pòl, kite yon gran pèsèkitè legliz Bondye a, ki te vin reprezante anpil lidè legliz yo. Li te ede Banabas aprann, Pòl te vin reprezante yon gran lidè nan legliz la nan Nouvo Testaman. Pòl te chwazi Timote kote li pase anpil tan ap fòmè li nan yon baz ki solid aprè sa manman ak grann li te ede l nan tout lavi li.

Bezwen pou lidè yo

Nan konsèy moun k'ap viv sèl yo Doug Fagerstrom di konsa: Moun yo bezwen senk (5) aspè diferan nan relasyon nan lavi yo. Paran yo, yo bon modèl nan ministè a, relasyon ak moun, zanmi ki pwòch yo, oubyen sekrè, yon direktè espirityèl nan lavi yo ki kapab ede yo pou konpli tout objektif ke yo genyen nan lavi a.

Tankou moun ki gen matirite, fonksyon zanmitay li jwe yo kapab vin chanje. Moun sa ki ranpli youn nan fonksyon sa yo pandan le li te timoun li pa kapab vin ranpli menm fonksyon sa pandan ke li vin jenn oubyen pandan li vin granmoun.

Avèk devlopman teknoloji a, tout kantite moun yo kite nan ekip la vin pa la ankò. Travay sa ki fèt la yo rann moun sa yo kapab ale travay nan kay. Ak devlopman kèk materyèl tankou machin pou kominike; entènèt, bagay sa rann ke moun yo kominike pi vit, men pa genyen kontak youn ak lòt. Paske sa yo ki pase anpil tan ap kominike ansanm pa mwayen sa a pèmèt yo pa janm rankontre nan chita pale youn ak lòt. Pou tèt sa, nou kapab wè vin gen pi plis nan moun yo avèk distans ki vin separe yo, epi de jou anjou pwoblèm lan ap grandi nan yo.

Anpil fwa chanjman ki konn fèt nan fanmi yo kon genyen gwo konsekans lè yo pa genyen yon bon modèl pou manman ak papa. Sa konn bay anpil pwoblèm ak moun sa yo ki te jwenn yon sèl moun

ki te leve yo, sitou pou lè yo vin antre nan zafè maryaj. Konsa, moun sa yo ki pa te leve nan yon fanmi ki te divòse, kapab poze menm kalite kesyon ak sa yo ki te leve nan yon kay kote ki te genyen yon moun k'ap kontwòl yo, souvan yo konn menm mande si pwoblèm divòs sa pral pase yo tou nan lavi yo. Moun sa yo ki te leve ak yon paran sèl kite pase anpil moman difisil anba anpil presyon nan lavi yo, tout pwoblèm sa yo ede yo konprann pwoblèm lòt yo tou.

Karakteristik yon Lidè.

Men Kèk karakteristik ki sanble ke nou kapab jwenn nan relasyon dirijan yo: Sa yo gen ladan yo:

- ✓ Kapasite pou nou wè talan yo chak genyen.
- ✓ Tolerans poun wè lè y fè yon bagay ki mal menm lè moun nan gen talan ak trè pèsonalite moun nan difisil.
- ✓ Anpil bon konprann pou nou genyen poun kapab reponn ak tout egzijans, lè yo bezwen èd nou.
- ✓ Pasyans ak anpil pèsèverans se yon bon kado, talan yo, ak tout kapasite yo genyen pou devlope tout sa yo kapab fè.
- ✓ Tout vizyon ak tout kapasite pou wè kisa yo dwe fè nan lavi a.
- ✓ Sa se yon bon kado lè yon moun genyen don ak kapasite poul ankouraje lòt.

Tout apranti sa yo konn bay bon konsèy, konn ekri bon lèt, ak bon enfòmasyon nan lavi tankou atik, liv, ak anpil lòt bagay ki kapab itil pou ankouraje lòt moun.

Apranti sa yo konn bay tout lavi yo nan travay y'ap fè, nan bay bon sèvis nan devlope kapasite yo. Yo bay anpil ankourajman nan sa y'ap aprann fè epi wè kouman yo kapab ede jenerasyon tou nèt k'ap vini an. Tout pwofesè sa yo envite moun y'ap fè klas pou yo a pou toujou vin aprann nan tout sa y'ap fè. Pou nou fini, tout wòl sa yo ke apranti yo jwe yo fè lòt jwenn plis fòs pou kapab kontinye epi avanse pi devan.

Lide prensipal moun sa yo genyen pou lòt yo, se genyen yon bon komunikasyon youn lòt, epi ak anpil lòt aktivite pou ede yo grandi ak pwoteje tout kado Bondye ba yo. Pwofesè yo toujou sonje elèv yo ke relasyon yo genyen youn ak lòt genyen de (2) sans. Pandan y'ap anseye kouman yo dwe yon modèl, epi genyen bon konpòtman yo menm tou yo aprann, yo se yon bon egzanp nan lekòl la.

Koumanse yon relasyon kòm dirijan

Yon relasyon nan lekòl la kapab koumanse ak nenpòt moun ki vle vin aprann, oubyen sa ki vle vin anseye tankou pwofesè. Yon fanm dwe yon pwofesè pou tout lòt fanm yo, epi gason menm anseye gason parèy yo. Lè relasyon sa vin fèk ap koumanse, tout moun sa yo tankou gason ak fanm yo dwe prepare yo anvan nan tout sa yo pral renmèt nan lekòl la.

Ki kalite kesyon ou dwe poze pou w ka wè fòs moun yo pandan w'ap koumanse ak relasyon dirijan?

- ✓ Ou panse l'ap fasil pou n pale?
- ✓ Kouman n'ap fè poun pale youn ak lòt ?
- ✓ Ki relasyon lekòl la pral genyen ak kote n'ap viv la?

- ✓ Kisa pwofesè yo ak elèv yo ap tann?
- ✓ Nou konn pase anpil tan san nou pa rankontre?
- ✓ Nou konn pataje eksperyans lavi nou ansanm?
- ✓ Èske nou de a se kreyen? Si non, kouman sa pral gate zanmitay la?

Nan tout relasyon sa yo ki genyen ant dirijan yo ak lòt, yo pa janm mande si moun sa yo se kreyen yo ye, nou bezwen itilize anpil pridans nan zanmitay yo. Menm ak dirijan yo k'ap travay la, kreyen se yon fason pou viv epi ki moutre kisa w ye nan tout lavi w. Pou tèt sa, zanmitay ki genyen ant yon kreyen ak yon lòt ki pa kreyen konn gen kèk ti difikilte paske yo chak genyen yon lavi diferan.

Se pou ou tann lè w santiw prè pou w kapab koumanse yon relasyon kòm dirijan. Lèw santiw pa prese lòt k'ap fòsew fèl, li pa janm bay yon bon rezilta lè sa travay la pa janm sòti byen.

Idantifye yon elèv oubyen yon lidè

Mwen pa janm bliye premyè fwa m te koumanse karyè ansèyman mwen. Kote te genyen yon gwoup pwofesè ki te fè wonn biwo sekretè a ak direktè a nan premyè moman ke klas ta pral koumanse. Nan dezyèm gwoup pwofesè yo ki genyen anpil eksperyans touswit vin fòme yon gwoup pou chèche yon non. Ak yon gran kri, yo gade youn ak lòt pou chache ki moun ki pa kontan. Youn nan yo pran lis la nan menm epi ekri yon non. Lè sa mwen vin ran mwen kont ke non sa te nan lis mwen an.

Anvan lontan, mwen te vin konprann byen travay yon etidyan. Mwen menm tou m vin sonje kouman premye ak dezyèm pwofesè a te edem pandan yon ane nan lekòl la. Yo te tande tout sam t'ap pase nan detès mwen yo, yo te ofrim anpil konsèy, ak tout fòs yo te devlope nan ede mwen kòm etidyan.

Pandan ke tout relasyon sa yo pat yon bagay ki te legal, mwen pa janm bliye tout enfòmasyonm m te jwenn nan men pwofesè sa yo. Kèk fwa m kon mande kèk konsèy pou kapab ede m nan travay sa pou m avanse pi devan nan moman difisil yo, san manje, ak anpil reyinyon. Tout relasyon sa yo ede m, se tankou yon baz poum konstwi nan tout sam pral fè.

Konsidere tout moun sa yo, ou konnen ki genyen dizan (10) oubyen plis ane ki pi jenn pasew. Chwazi twa moun ou wè ki gen kapasite, sa ou renmen ki ta konnen plis bagay, epi tou ki genyen kèk bagay ke nou genyen ansanm, ak lòt bagay ki sanble ak ou. Sa ka edew louvri pòt yon relasyon tankou lidè.

Kòm ou kontanple koumanse yon relasyon konsèy, konsidere kesyon sa yo.

Pou moun kap dirije:

1. Èske w'ap panse pou fè relasyon ak dirijan yo, oubyen w'ap tann pou yo vin mande w pou fè relasyon ak yo? Pandan yon relasyon ak dirijan kapab koumanse de tout fason, yon moun kapab pran desizyon. Kesyon moun k'ap mande se pa sa ki pi enpòtan—mete kanpe yon relasyon se: Toujou prèt pou apwoche bò kote dirijan yo lè w'ap swete yo bon travay, epi bay yo bon atansyon, enterè, ak ankourajman.
2. Ki angajman tan ou kapab pran ki gen ladan li nan relasyon ou ak dirijan yo. Chak relasyon se yon bagay byen senp ki pa nan melanj. Enterè moun genyen ansanm yo, bezwen yo, ak kèk fwa sa yo moun kouman pou w detèmine faktè yo ak analize tan ke w te pran angajman. Si w'ap viv tou pre youn oubyen lòt ou kapab rankontre ak yo chak semèn oubyen chak mwa. Kèk fwa dirijan yo konn pase twòp tan pou vizite moun yo, nan sans saa se pou w kenbe kontak ak yo

nan telefòn, telekopye, e-mail, ak lèt. Lòt relasyon an dwe gen baz li sou sa yo pi gen bezwen. Premyèman, ou kapab bezwen bay anpil tan pou fè yon bon zanmitay pou moun santi yo byen epi alèz youn ak lòt. Relasyon—kreye tan pou sa, li kapab gen ladan li pwomenad ; vini-avèk-mwen envitasyon yo menm jan ou fè anpil devwa diferan ak responsablite yo; oubyen rankont nan yon ti tan byen rapid ki kapab fòje relasyon w yo.

3. Ki tèm ou pral diskite nan tan ou pral reyini yo? Sa k'ap diskite nan ajanda reyinyon an se mete aksan sou bezwen moun k'ap koute konsèy nou yo. Diskisyon an dwe genyen anndan li, kanpe fèm nan desizyon ke dirijan yo bezwen fè; egzant nan pwoblèm sa yo, dirijan yo kapab bay vizyon yo; epi rete koute kouman moun k'ap swiv yo ap retire yon rezilta final; mete nan jou saa tout preokipasyon ke w te genyen nan reyinyon ki te fèt anvan yo; yon rapò ki gen ladan li pwogrè ki te fèt; mande èd nan la priyè.
4. Ki kote reyinyon sa yo ap fèt? Nenpòt kote ou kapab pran ti plezi ou san pwoblèm ak difikilte. Reyinyon yo kapab fèt nan restoran yo fas ak kèk bèl plat manje oubyen kèk bagay pou bwè. Kèk fwa, ou kapab bezwen yon kote ki pa nan lar isa vle di yon ti kote ki espesyal pou nou sèlman pou nou mache ansanm, nan yon parkè, lakay ou, oubyen nan biwo w, selon tèm ou gen pou diskite yo. Toujou sonje ke anpil nan lidè yo pataje lavi yo ak moun yo ou se lidè tou. Dirije tankou lidè se plis pase yon pyès teyat.
5. Konbyen konsèy mwen kapab bay? Kèk fwa konsèy la mande pou ak dakò. Lòt fwa yo, lidè a bezwen sèlman yon ti chans pou pale ak fè plan pou lòt sitiyasyon. Lè w'ap bay konsèy, sonje ke moun k'ap pran konsèy la deside kisa l'ap fè avèk li. Sa ki enpòtan se pa fòse moun nan vin tankou w, mene de moun nan pou li devlope kapasite li ak talan yo ke Bondye ba li.
6. Éske w'ap konnen kilè pou w fini ak zanmitay la? Mete fen oubyen chanje yon zanmitay se yon bagay ki byen difisil. Yon relasyon kapab mouri sa depann natirèlman de enterè yo ki chanje ak bezwen yo oubyen de yon diskisyon. Nenpòt sa ki lakòz chanjman, ou bezwen konnen byen kouman pou kenbe kontak ak yo pou de moun yo santi yo byen. Konnen byen ke ou la pou pran swen, bon konpòtman, ak netwayaj. Se pou w asire w byen lè w'ap itilize "Mwen" deklarasyon yo. Fini ak diskisyon an padan w'ap asire w ke moun ki resevwa konsèy la nan enterè pa ou ap kontinye bay kout mena k sipò li. Kite pòt ouvè pou demen, tou.
7. Éske mwen ta dwe prete moun m'ap konseye a lajan? Se vre ou kapab tante, nan prete lajan sa ka kraze rapò ou genyen ak moun nan tankou dirijan, menm si ou pran prekosyon siyen papye oubyen fè fich.
8. A Ki wotè yon sekrè rive? Byen wo. Pa janm diskite avèk lòt enfòmasyon ke ou te pataje oubyen ou te genyen atravè yon relasyon ou te genyen ak moun tankou dirijan.

Karakteristik ke ou ka dezire nan yon moun k'ap koute konsèy:

1. Moun nan se yon moun ki san repwòch. Jan ou gade moun saa, ou wè kapasite ak nan yon moun ou vle depanse tan w ak enèji ou.
2. Moun nan agreyab. Ou vle wè moun sa bay bon rezilta. Se yon moun o uta renmen depanse ladan l pou lavi. Moun sa se yon moun avèk lio u santi w alèz.

Selibatè pou granmoun Ministries Manyèl pou Lidè

3. Moun nan prèt pou li leve kanpe epi li gen anpil pasyon pou disiplin. Chache kèk moun ki vle aprann eksperyans lòt yo. Yon konpòtman pou anseye se yon egzijans ki enpòtan anpil pou yon lidè.
4. Moun nan ankouraje pwòp tèt li. Kòm pwogrè ki genyen nan fè relasyon yo, moun sa dwen pran anpe nan responsablite pou prepare pou rankont, tan ak kontak.

Pou moun ki fin pran konsèy

Kòm ou konsidere rapò dirijan, chache yon moun ki fè plis eksperyans pase w, kwè nan tèt ou, esplike yon enterè ki gen benefis, moutre jan w kontan lè yo bò kote w, epi ankouraje yo.

Karakteristik sa yo enpòtan, se menm jan lè w idantifye dirijan ki gen talan yo.

1. Lidè yo aji byen avèk ou. Aji byen an pa vle di la pou kritike; sa mande anpil volonte pou ede w nan moman difisil yo. Paske lidè yo enterese nan benefis yo, yo tou prèt pou poze tout kesyon yo. Lide dirijan yo bay yo bon anpil, nan pran swen, ak fè sa ki dwat.
2. Lidè yo se yon modèl pou ou. Sonje ke objektif la se devlope kapasite ou se pa pou tounen yon moun k'ap imite dirijan. Lidè yo, poutan, se moun k'ap viv yon lavi ki san repwòch yo dwe ye.
3. Lidè yo gen kontra pou yo travay avèk ou. Bib la gen anpil egzanp dirijan; Jezi avèk Disip yo, Priscilla avèk Aquila, Pòl avèk Timote, Sòl avèk Ananyas. Egzanp sa yo moutre kouman moun mache youn ak lòt lè yo te fè fas ak eksperyans ki tou nèf yo.
4. Lidè yo byen ouvè epi bay fasilite pou moun pale ak yo. Lidè yo pataje bon rezilta yo menm jan ak kèk lòt istwa sou sitiyasyon deyò ki pat tèlman gen bon rezilta. Li enpòtan pou ou wè de kote yo epi aprann ke lavi a kontinye.
5. Lidè yo se bon pwofesè yo ye. Lidè yo esplike "kouman" ak "poukisa" apre devwa ak desizyon yo epi ba ou opòtinite pou aprann lòt talan ki tou nèf yo.
6. Lidè yo kwè nan kapasite yo. Lidè yo se chèf ki toujou gen kè yo kontan. Menm jan ou pale ak lidè yo sou dekouraje tan, y'ap ankouraje w pou kontinye pou pi devan, menm lè ou ta vle kite sa.
7. Lidè yo ede w defini rèv ou yo, devlope plan epi fini yo. Sa gen ladan li dekouvri klè rèv ou yo ak kouman se bagay tout bon yo ye. Gen yon pati nan etap dirijan ki la pou bay rèv yo bon sans yo lè moun nan gen yon objektif.
8. Lidè yo gen bon rezilta devan je w; moun ou ta renmen pou w tankou yo. Sa pa vle di bon rezilta pou zafè mond lan. Bon rezilta ta dwe defini jan Bondye mennen vle li.
9. Lidè yo bezwen aprann nan men w. Lidè ki se egzanp la preche ankourajman pandan l'ap aprann. Lide zanmitay dirijan yo se yon lari ki gen de bò, avèk bay a...epi resevwa nan men youn lòt.
10. Lidè yo dakò pou yo resevwa lòd ou gen pou jounen an. W'ap sèlman chwazi tèm ou pral diskite ansanm pandan fwa sa yo.

Lè relasyon dirijan w lan devlope, se pou prepare w pou remèsi dirijan. Pandan ke dirijan w lan pa'p tann onkenn rekonpans, apresyasyon ak tout kè toujou akseptab nan ka saa. Pataje kouman ou genyen anpil benefis nan pase tan ansanm ak yo. Se pou w konsidere jan dirijan w yo mete yo prè ak travay ansanm pou fè reyinyon nan lè li ak zòn pou sa fèt. Pale di jan w admire ak lanmou ou santi pou dirijan w yo. Menm lè pandan w ap gade jan l'ap grandi ak devlope sa mande yon gwo rekonpans, dirijan w yo ap renmen tande ti pawòl sa yo.

Sa ki anndan Ministè Moun k'ap viv Sèl yo

Dirije se pa yon lòt pwogram oubyen ministè anba parapli inistè Moun k'ap viv Sèl yo. Anpil rapò dirijan yo bay bon rezilta se lè Moun k'ap viv Sèl yo wè lòt yo, yo ta renmen vin dirijan.

Wòl Ministè Moun k'ap viv Sèl yo se edikasyon. Nou bay ensèyman ak kreye kèk okazyon pou moun k'ap viv sèl yo gen plis konesans nan lavi yo. Kòm yo devlope rapò ak zanmitay yo, okazyon natirèl pou dirijan evolye. Kreyen ki tou nèt yo fè konesans ak sa ki gen anpil eksperyans nan levanjil yo, yo moutre yo kouman yo viv lavi kreyen an; lavi long-- manm legliz Nazareyen yo pataje istwa denominasyon nou an ak sa ki fèk antre nan Nazareyen yo. Konsa, Direktè Ministè Moun k'ap viv Sèl yo kapab moutre dokiman kouman l'ap travay ak fiti lidè yo pou yo devlope talan yo, ak bay yo chans yo pou yo itilize don yo.

Konsidere Moun k'ap viv Sèl yo nan legliz ou. Ki moun ki gen kapasite pou Direktè Ministè Moun k'ap viv Sèl nan tan ki gen pou vini yo? Ki kreyen tou nèt ki ta kapab jwenn benefis de yon lòt moun ki pou diskite sou kisa lavi krisyanis lan gen ladan li? Ki kreyen ki fèk vin nan Nazareyen ki bezwen konprann objektif Wesleyen/holiness ak enfliyan legliz Nazareyen atravè lemond?

Koumanse aplike ansèyman sa yo avèk manm ki nan konsèy Ministè Moun k'ap viv Sèl yo. Yon papye kòm modèl gen anpil enpòtans.

E poutan, ou pral genyen efè k'ap pi pwofon ak pi dire nan dirije. Pou w fè konesans pi byen ak pwogrè sa fè ansèyman yo byen mache tou konsa ou tou vin yon lidè.

Rezime

Dirijan genyen yon dwa poul chwazi yon moun kap viv sel nan mitan moun yo, kote li genyen yon devwa poul fòme moun sa poul ka edel kontinye fè travay la. Kirije pa vle di evangelizasyon, fe disip, modèl, anseye. Li chita sou bezwen nan travay la pou fòme moun yo epi satisfè bezwen yo. Men li egzijè yon angajman pou yon bon bout tan, anpil fos, ak dispozision. Li chita sou anpil eksperyans nan vi a, epi tou egzijè pou moun bay kouraj li nan sa kap fet chak jou.

K kom nou fè pati nan komite moun kap aprann yo, se pouw devlope kèk estrateji pou fòm sa yo kap viv sèl yo nan zafè dirijan, epi tou se pouw bay enfòmasyon sou tout sa kap pase nan ministè.

Youn nan siveyans nou dwe mete sou kontwol jenn yo, se sou bezwen yo ak relasyon yo genyen nan ministè a. paske dirijan yo kapab yon kle pouw yo avanse nan tout sa yap fè nan lavi a.

Tout sa nap bezwen yo pou n ekri atik sa a:

Bauknight, Brian kelle. Yon gran chèf: mete yon ekip ki pou travay ansanm nan ministè ak tout kado esprityèl yo. Nashville: Abington Press, 1996.

Biehl, Bobb. Dirijan : konfyan nan jwenn yon apranti epi poul vin yon dirijan. Nashville: Broadman & edisyon Holman, 1996.

Brestin, Dee. Zanmitay fanm yo. Wheaton: viktò liv, 1995.

Hunt, sizàn. swen esprityèl lèw fèk fèt. Wheaton: crossway liv, 1992.

Icenogle, Gareth weldon. Fondasyon bibliik pou yon ministè. Forè Downers. Entèval siti, 1994.

Parrott, leslie. Motivasyon nan legliz lokal. Vil kansas: pibliye nan kay nazareyen, 1991.

Stanley, paul D. y J. robert clinton. Koneksyon: relasyon ki genyen nan ministè a ki bay yon bon rezilta nan vi a. prentan kolokal: Navpress, 1992.

Diferans ki genyen ant evanjelizasyon, fè disip, ak Dirijan.

Dirijan se youn nan anpil tèm yo itilize nan fè chanjman youn ak lòt. Pandan li kapab ye tou yon bann bagay nan diferan wòl anndan direksyon an, Biehl fè diferans nan mitan wòl sa yo. Gen yon bon valè palmarès sou kouman li fè diferans yo.

EVANJELIZASYON	FÉ DISIP	DIRIJE
<i>Éske sa nan Bib la?</i> Anseye ak modle nan ekriti	Anseye ak modle nan ekriti	Modle nan ekriti
<i>Kèk moun kite yon egzanp nan bib le</i> Pòl	Timote	Banabas
<i>Baz primè yon echanj</i> Kontni	Kontni	Relasyon
<i>Kalite wòl</i> Konvenk sa ki pa kwayan yo, defann kwè pawòl la. Prezante bon nouvèl la.	Fòmasyon nouvo kwayan verite espirityèl nan tout aspè nan lavi.	Kijan pou swanye epi ede yon Moun.
<i>Ki pwogram jounen an?</i> Pwogram pou preche levanjil (levanjil)	Pwogram pou fè disip (disip espirityèl)	Pwogram pou pwoteje (plan/pwoblèm).
<i>fòmasyon mande?</i> Moun ekipe kòm evanjelis	Konesans akademik ak metriz pèsonèl nan disiplin yo espirityèl	Pastoral eksperyans lavi ki gen rapò ak anba pwotèksyon
<i>tan ki defini</i> Pi piti pase inè (tipikman)	tan kou a bloke pou yon etid sou	Lavi—long tankou bezwen
<i>Kontra ki long mande</i> Ba	Ba	Wo
<i>Pase pi plis tan ansanm</i> Prezante opòtinite pou delivre	Fòmasyon disiplin yo espirityèl nan tout zòn nan nan lavi	Sipòte nan direksyon matirite
<i>Enpòtans chimi pèsonèl la</i> Respè mande	Respè mande	Respè ak chimi pèsonèl
<i>Osimite nimewo patisipe</i> Li posib dè milye evanjelize encadré sou yon lavi	Li posib dè santèn disiplen sou yon lavi	Tipikman youn nan douz disip sou yon lavi
<i>Wòl paralèl yo pou modèn</i> briyan, articuler, evanjelis / apolojis	disip profesè ki gen matirite	matant, tonton, oubyen fèmèn (plis eksperyans) zanmi.
<i>Mesaj esansyèl</i> Repanti, ou dwe sove! Wayòm syèl la ki tou prè	Li menm pou l grandi espirityèlman, isit la se sa ou bezwen Konnen, fè oubyen devni.	Kouman mwen ka ede ou jween ki kote ou prale?

Chapit Sis

Yon bon plan ki kapab itil

Fèt pou moun k'ap viv sèl yo

Anpil nan moun k'ap viv sèl yo konn fè fas ak anpil pwoblèm vrèman difisil nan ane a pandan ke se moman y'ap fè fèt pou yo. Nan moman yo vin ap pale sou fanmi, yo vin chonje tout sa yo manke ak pèdi, sa ki pi rèd la mari oubyen madanm yo mouri sa vle di y'ap viv sèl.

Paran sèl yo ki vin ap fè fas ak sitiasyon sa nan fèt la, kote l'ap vin chonje ke mari li te genyen an mouri. Èske li vle patisipe? Ti moun yo menm pa janm konn vle bliye pou konnen ke yo genyen de (2) gran paran k'ap viv ansanm.

Sa ki pa marye yo menm ka vin jwenn yon lòt fanmi ki pa menm jan ak sa li te genyen anvan an. Tankou: kouzen, matant ak tonton yo menm yo vini de pa de. Èske yo menm yo kapab fè fas ak sitiasyon sa a, "èske w pat janm marye deja?"

Sa ki te genyen madanm ak mari mouri yo vin nan fèt la, asiste tout sa k'ap fèt kòm si se te nan sèvis nan legliz la yo te ye san mari " yo mande ki kote poum chita?" se lè y'ap gade ke tab yo fèt pou moun ki vini ak mari yo, mande kouman prezans mwen ka deranje chèz yo? Mwen dwe envite yon moun nan fanmi an oubyen yon zanmim vin ak mwen?

Bagay sa a, se avèk anpil prekosyon epi souplès pou fè konnen sa k'ap fèt la se pou tout moun, prèske pami kèk moun k'ap viv sèl yo ta renmen pou yo fè jèn anvan jou fèt la. Pou rezon sa, genyen kèk mwayen pou jwenn yon solisyon pou sa.

Men kèk ladan yo:

- Rekonèt ke moman sa yo bay anpil estrès men sa ap fèt anvan. Konnen sa nan yon fason oubyen nan yon lòt se yon mwayen pou debwouye nou pi fasil. Avèk plis aktivite sosyal, li fasil pou n vin manje bagay ki genyen anpil sik epi vin pèdi anpil somèy.
- Benediksyon. Fè yon lis, lè sa li pi fasil pou chache wè tout sa ki genyen ak sa ki pa genyen. Bat pou 'n genyen rekonesans, paske se youn nan pi bon okazyon n'ap kapab genyen vikwa sou depresyon lè n'ap louwe Bondye.
- Bay anpil atansyon ak lòt yo. Bay anpil atansyon ak lòt moun ta dwe jwe yon gwo wòl nan lavi nou. Konn genyen anpil avantaj ak benefis nan fè aktivite fizik ak sosyal nan moman n'ap fete a.
- Konsidere byen kisa sa vle di fèt nwèl la. Genyen plis pase de mil ane (2000), kote ke mond lan te resevwa pi gran kado nwèl la. Swiv egzanp sa a ke Wismèn te bay la, bay yon ti kado. Panse nan yon fason ke n'ap fè yon jès kote nou pap depanse anpil lajan.
- Se pou nou mete nou nan aktivite legliz la ap fè yo. Nan moman n'ap fete a, toujou gen anpil lòt travay ki konn bezwen fèt pandan n'ap òganize ak prepare fèt la. Se pou 'n bay tout sipò nou nan ede ak aktivite ke y'ap fè pou timoun yo, nan òganize pyès teyat, ede nan dekorasyon, oubyen ede nan netwayaj ak pwòpte legliz la.

Selibatè pou granmoun Ministries Manyèl pou Lidè

Sa a se yon aktivite nou kapab fè nan moman n'ap fete fèt nwèl la.

- Ankouraje tout fanmi ki nan legliz yo pou yo envite yon moun k'ap viv sèl lakay yo nan moman an, pou yo vin fete pou nouvèl ane ki pral antre a.
- Pa janm bliye pou'n li bib la chak jou, sou tèmsa ki pral vini an.
- Ankouraje moun k'ap viv sèl yo nan ekri yon bèl panse pou yo, nan pataje bon ti moman ak yo nan sèvis legliz la.
- Fè plan pou al achte pou moun k'ap viv sèl yo.
- Bat pou'n genyen yon pye bwa fèt nwèl. Sa kapab se pou legliz la, si yon moun bezwen yon èd, nan kay. Se pou fè moun yo chonje pou yo pa bliye ranje tout dekorasyon yo nan yon bon ti pozisyon lè moman fèt la fini.
- Chante nwèl la, anpil chokola. li kapab fèt nan legliz la oubyen nan yon kay kote sa kap viv sèl yo rete.
- Bat pou'n genyen yon gato nan moman sa a, epi fè manje pou moun ki nan fèt la ak nan kay kote n'ap fèl la.
- Visit nan kay yo. Se pou nou pote nan moman fèt la yon gato, fwi, ak kèk lòt ti bagay pou'n kapab dekore gato a.
- Plan n'ap fè nan resepsyon an. Envite kèk lòt moun k'ap viv sèl pou vin patisipe ladan l tou.
- Pwogram pou sa yo k'ap viv sèl yo nan moman nwèl la ak nan nouvèl ane a. Si li pa gentan fèt nan moman nwèl la men nou kapab fè l nan ane k'ap antre tou nèt la. paske sa ede moun sa yo santi y'ap viv pi byen kote y'ap wè gen moun k'ap panse ak yo.
- Pa bliye pou'n fè sèvis nwèl la ak tout lòt sèvis pou fanmi yo. Se pou nou chonje ke ministè moun k'ap viv sèl yo se tankou yon fanmi li ye tou.
- Pwograme yon fèt pou tout yon nwit k'ap fini jis nan demen matin.
- Nan premye jou nan ane a kote chak moun ap pote yon bagay pou fè yon dejene ansanm.
- Se pou moun yo genyen yon bon relasyon nan mitan yo. Fè yo konnen se pou youn kominike ak lòt pou pi piti yon fwa chak senmenn.
- Nan yon jou nan fèt nwèl la bat pou rasanble yo ansanm, pou fete pou sa yo ki pa genyen moun ak yo yo.
- Lè ou fini ak dekorasyon an nan moman sa a. kote a kapab sanble tankou yon plas espesyal pa egzanp yon vil, oubyen yon kote moun kapab vin pwomennen epi ki ka sòti nan diferan pati nan peyi a.
- Premyèman se pou fè yon pwogram kote youn ap sèvi lòt. Gade wè siw kapab jwenn yon òganizasyon kote ki kapab prepare manje yo pou nou pou fèt nwèl la.
- Se pou nou fè yon preparasyon nan tout sa nou pral fè nan jou fèt la. Se pou nou sèvi moun yo manje anvan pwogram nan epi aprè pwogram nan fini se pou nou bay yon ti desè.

Imaj, imaj, imaj

Nan preparasyon pou yon seminè, ki gen pou wè ak: **"moun k'ap viv sèl yo."** Se pou koumanse ak moun k'ap viv sèl epi lidè ministè moun k'ap viv sèl yo. Tande tout jan y'ap pale, nan repons y'ap bay yo sa kapab edew wè kisa yo gen bezwen. Paske nan jan sa w'ap vin dekouvri tout santiman yo nan jan y'ap aji youn ak lòt epi wè kijan lespri yo devlope nan chita tandè yo. Gen kèk jou yo kapab di ke nan zafè zanmitay la vin chanje kote vin pran yon lòt etap. Epi ou kapab wè yon lòt, yo di bagay la vin tèrib nan mitan yo. Li te fasil pou nou te fini byen vit mete aksan Jodi a nan lide negatif moun genyen, sa kapab ede yo pou chanje lide. Lè n'ap gade nan non legliz la mo fanmi an anpil fwa vle di pwoklame, yo pa di byen vini ak moun k'ap viv sèl yo. Men nou kapab define l tankou kominote nan legliz la, souvan sa yo ki pa gen fanmi nan legliz la konn santi yo san enpòtans nan mitan moun yo.

Ki wòl ministè moun k'ap viv sèl yo jwe? Ki pwòjè ki genyen nan ministè a? Pou sa yo ki pa nan ministè a, èske ministè a fè pwogram k'ap fòse yo travay? Sa ki pa manm ministè a nou konn ankouraje yo pou yo vini patisipe nan aktivite k'ap fèt nan legliz la? Sa kapab yon pi gwo objektif nan ministè moun k'ap viv sèl yo pou gade yon imaj ki bay bon rezilta.

Genyen kèk moun ki wè ministè a kòm si tout moun ki ladan l yo se moun k'ap mande charite. Pou tèt sa, ki moun ki tandè byen sa ki rele divòs la, lanmò, si se pa sèlman yon moun ki pase nan sitiyasyon tankou moun k'ap viv sèl yo ki pase nan sitiyasyon sa? Souvan pwoblèm ki konn pase nan lavi moun yo, sa ede yo pou ede yo grandi nan lavi yo epi fòme yo.

Espwa ki tou nèf yo ak lòt rèv yo. Lòt kapab wè ministè moun sèl yo kòm si li la sèlmam pou jenn granmoun. Pou lòt k'ap jwe yon wòl nan legliz la, sa ede yo satisfè bezwen yo pa mwayen zanmitay epi relasyon yo genyen youn ak lòt. Nan sosyete jounen Jodi a, bezwen yo nan fòme zanmitay ak moun k'ap viv sèl yo toujou la. Pou sa yo ki fèk vini yo, ministè a kapab se yon pon pou rantre nan relasyon ak yo nan mitan legliz la.

Ministè moun k'ap viv sèl yo nan legliz jounen Jodi a genyen yon responsablite pou manifeste tèt ansanm ak zanmitay yo nan jan y'ap viv, nan jan y'ap resevwa moun yo, nan deklarasyon yo, ak tout obstak yo kapab jwenn nan lavi a. Jan y'ap aji nan ministè moun k'ap viv sèl yo, se you n nan gwoup ki pi enpòtan pou konsidere nan ministè a. Si nou aksepte tout sa yo, n'ap kenbe tout moun k'ap viv sèl yo nan legliz la, lè sa legliz la ap tounen yon kote ke tout sa ki aflije yo, dekouraje yo, ak dezole yo jwenn plas pou yo poze tèt yo, epi tou legliz ap wè ki misyon li genyen. Konn gen ladan, moun sa yo ki gen kapasite pou evolye nan yon ministè, sa ap ede yo evolye pi byen. Tout aktivite k'ap fèt yo kapab fè yo vin moutre yon lòt imaj ki bay bon rezilta, sa ki gen bon sans, ki kapab retire tout dout yo genyen nan lespri yo sou zafè moun k'ap viv sèl yo.

Men sèt (7) fason legliz la dwe genyen nan chanje konpòtman yo ak sa yo k'ap viv sèl yo

1. Se pou pastè legliz la toujou fè fòmasyon pou moun sa yo ki nan ministè, moun k'ap viv sèl yo, sa ki konsène yo, epi lidè yo.
2. Se pou toujou ankouraje moun sa yo k'ap viv sèl yo nan jan y'ap bouje ak travay y'ap fè pandan yo reyini.
3. Ankouraje moun k'ap viv sèl yo pou yo bay temwayaj yo nan moman legliz la ap fonksyone, ak nan sèvis kiltirèl yo, kote ke yo ka rakonte sa bondye te fè pou yo.

4. Sou bagay sa yo nou kapab ekri kèk atik sou temwanyaj yo, epi pale de yo nan lekòl di dimanch ak tout kominote a, nan tout atik ke n'ap prezante sou yo, sa dwe moutre tout diferans sou yo nan legliz la ak kominote a.
5. Koumanse tout kalite pwogram n'ap fè yo ak jan n'ap pale ak komite legliz la, ba yo tout kalite enfòmasyon sou sa ki gen pou wè ak ministè moun k'ap viv sèl yo ap ofri.
6. Ede moun k'ap viv sèl yo pou yo vin antre nan rèv ak objektif legliz.
7. Se pou nou genyen anpil pasyans nan lapriyè ak fè sa ki dwat. Yon konpòtman pa chanje pandan yon nwit. Se pou mete nou plis nan bay legliz la fòmasyon.

Ansanm ak tout moun k'ap viv sèl yo, se pou chwazi tout egzanp ki pi bon pou prezante bay legliz la epi ki kapab fè yo grandi nan Bondye nan rete fidèl ak sèvis legliz la.

Kle pou yon ministè moun k'ap viv sèl ki gen bon rezilta

Yon fwa ke nou wè pwoblèm nan, moun yo ap tann ke yo jwenn yon solisyon pou li. Li konn difisil pou pase anpil tan ap tann yon solisyon. Lè sa a bezwen yo konn vin pi plis pase objektif ke nou genyen. Kote ke nan moman sa a yo zafè manje a vin genyen plis difikilte epi tout sa k'ap fèt pa genyen bon rezilta. Konsa, nan tan pou rezoud yon pwoblèm san w pa genyen yon bon rezon oubyen fè yon plan pou kapab gen yon bon rezilta nan ministè a nan fè pwogram ak rezoud pwoblèm yo genyen.

Premye bagay pou fè pou devlope yon ministè pou moun k'ap viv sèl yo kapab genyen yon bon rezilta se viv reyalite a nan pase anpil tan, nan enèji nou ap bay, ak tout sa nou genyen nan mete yo nan sèvis Bondye. Lè sa n'ap vin gen yon ministè k'ap fè pwogrè nan misyon li ak pwogram y'ap fè yo.

Dr. kennon L. Callahan ekri yon atik sou douz (12) kle pou yon legliz ki genyen bon rezilta, travay sa a l'ap fèt nan tout analiz n'ap fè epi estrateji, nou ka mete tout kalite desizyon n'ap pran, ak tout ankourajman ak espwa nou genyen. Analiz sa a chita nan tout rasanbleman ke legliz local ak kominote a ap mete sou pye, li difisil pou chache tout plan pou devlope yon ministè ki djanm, epi ki solid. Ak yon lòt pawòl, lidè yon legliz konnen tout fòs legliz la genyen epi konnen tout bezwen moun yo, lè sa a n'ap kapab konsantre nou nan pwoblèm yo. Nan analize ak etidye pwoblèm yo epi ki enpòtan pou ministè a. Tout bagay sa yo mande yon pwosesis ki kapab dire yon tan ak tout objektif nan bay tout ankourajman nan ministè a nan mete pwogram ak devlope lòt aktivite.

Nan atik li te ekri a Callahan idantifye de (2) tip kle: Kle zanmitay yo ak itilite yo. Li di konsa kle itilite a se tankou yon kle ke moun kapab wè sa vle di li pi fasil pou jwenn. Men, dezyèm kalite kle a menm nou jwenn li nan moun ki mete tout fòs pou fè travay la avanse.

Premyè kalite kle a chita nan pwogram yo nan ministè a poun kapab genyen tout objektif ak misyon espesyal, kontre. Sa egzije nou montre nan minister a kote nap idantifye nan ki gwoup kap travay pou benefis moun yo. Pou koumanse yon ministè moun k'ap viv sèl yo li toujou bon pou nou koumanse nan yon fason ki pa rapid. Men lòt ministè yo menm ap fè gwo pwogram ak lòt aktivite pou kapab idantifye nan tan k'ap vini an.

Baz ki mande pou genyen yon ministè ki bay bon rezilta, se lafwa, yon lavi ki tou nèf, pataje tout saw genyen, pawòl ki kapab ankouraje. Sa nou genyen pou n fè yo dwe toujou planifye yo. Planifye yon objektif k'ap ede yo grandi nan lavi espirityèl yo. Lè w genyen yon objektif nan travay la sa ede moun yo mete yo plis nan aktivite legliz la. Pa egzanp, li fasil pou konte twa moun ki enpòtan nan ministè moun sèl yo nan legliz la (MMS) nan jan fonksyon yo ye nan ministè a se: travayè yo, moun k'ap resevwa moun yo, ak manm koral yo.

Vizite moun yo nan minisè a vrèman enpòtan nan tout pwogram legliz la ak nan tout ministè k'ap fonksyone yo. Konsa moun ap santi yo plis alèz nan chache chimen konnen legliz la ak patisipasyon ak pwogram yo. Sa devlope nan mitan nou nan zanmitay moun yo, bezwen yo satisfè, yon lòt konsyans nan ogmantasyon ak bezwen esprityèl yo.

Li enpòtan tou pou nou fè yon planifikasyon nan fè vizit la. Yon fanm di konsa ke li te jwenn yon kat pou patisipe nan yon manje legliz la t'ap fè, pataje pen youn lòt, ak pen youn lòt legliz, fanm nan te santi l byen nan mitan legliz la kòm si legliz la te achte yo. Li te kontinye ap chache yon lòt legliz. Anpil nan sa yo ki genyen gwo eksperyans nan ministè tankou akèy yo konn rele vizitè yo nan legliz la pa mwayen telefòn lè yo fin vizite. Apre sa yo konn ede yo prepare yon moman enpòtan pou ale lakay vizitè yo nan prepare pwogram pou yo.

Enpòtans ki genyen nan kesyon zanmitay la dwe avanse nan legliz la. Moun sa yo ki pral pale ak vizitè yo dwe toujou konnen sa yo pral fè a, epi fòk yo santi yo byen nan sa y'ap fè a. Sa enpòtan anpil si moun yo kapab chonje non chak grenn moun sa yo ak figi yo. Sa ede vizitè sa yo santi yo byen nan mitan lòt yo pandan ke yo wè lòt ap rele yo nan non yo apre dezyèm ak twazyèm vizit yo nan legliz la.

Sa se yon tach ki vrèman enpòtan nan ministè a ak tout kalite pwogram y'ap mete pou moun yo, sa konn ede nou jwenn bon rezilta nan gwoup yo. Anpil nan moun sa yo genyen kat (4) pwen nan lavi yo: Sa y'ap fè pou kont yo, kominote, signifkasyon, ak espwa. Pou ministè tou nèn la ak pwogram nan, sa kapab fèt pi fasil. Li pi fasil pou fonde yon relasyon nan mitan yo kote yo fèk koumanse nan pwogram nan. Moute desann, ak tout lòt etap pou devlope.

Li vrèman bon lè nan direksyon an nan ministè a genyen yon rèv. Yon ministè mande anpil rezilta. Konpasyon, ak tout devwa oubyen responsablite lidè yo genyen.

Ministè a dwe egzèse tout responsablite l ak tout dwa li sou moun yo byen poul kapab kondi yo. Direksyon an dwe mete l nan tout bezwen yo epi chache mwayen pou l ede yo jwenn yon solisyon. Si ministè a pa bay yon bon rezilta, lè sa a ministè chita sou yon baz ki se yon danje.

Yon bezwen ki mande pran desizyon- patisipe nan travay yo. Sa mande ke se pou nou mete tout fòs nou nan travay la epi tou bay tout opinyon nan pwogram yo. Pandan ke nan mond lan moun yo pa gen chans pou yo pale, men yo menm bezwen pou pale sou tout pwoblèm yo. Ak anpil bèl panse ak tout plan yo brize paske yo afekte pa mwayen pwoblèm ak tout chanjman k'ap fèt yo epi ak tan yo pa genyen pou rezoud li. Chanjman yo toujou kreye anpil difikilte; kèk fwa yo konn sèvi ak yon aparèy ki kapab ede yo kontwole lè tan an chanje ak lè tan bese nan moman difisil yo.

Karakteritik pou yon ministè ki bay bon rezilta fè referans ak kèk trè fizik. Se pou nou toujou sonje ke legliz efikas yo ak say o kap pwospere yo toujou gen yon pwogram ki konpetan epi ki respekte kominote a. tout sòt pwogram say o kapab se pou restore moun ki divòse yo, minister pou say o k'ap viv pou kont yo, ak etid bibliik. Avèk tip pwogram sa yo, tout lòt pwogram k'ap fèt yo nan legliz la sa ede ke legliz la vin gran chak jou. Manm legliz yo menm di konsa ke ak nouvo pwogram sa yo ke yo mete a ede anpil ke legliz la ak tout ministè yo grandi ak pran yon lòt nouvo.

Pou yon ministè ki genyen anpil bon rezilta, mande fòk genyen anpil chita pale nan planifye reyinyon. Depi ke yon ministè pa respekte tout sa ki di la yo se tankou yon machin k'ap kouri san limyè epi ki pa konn ki kote li prale. Chache yon kote ki vrèman bon pou fè reyinyon yo lè yo tout rasanble, konsa moun yo ap santi yo pi byen, nan moman nou pral swete yo byen vini an se pou fè sa ak anpil chalè sa kapab ede fè yo santi yo alèz epi pou tounen vizite nou.

Avèk yon bon piblisite ak tout lòt enfòmasyon k'ap fèt nan legliz la, ak sa ministè a ap vin pran yon lòt etap nan kominote kote lap evolye a. Se poun toujou fè chonje nan ministè a ak tout pwogram n'ap mete sou pye pa janm bliye poun anonse yo anvan.

Selibatè pou granmoun Ministries Manyèl pou Lidè

Nan anpil ministè konn gen manm ki gen anpil kapasite pou travay byen epi konn fè piblisite pa mwayen enfòmasyon pou kapab fè pwogram yo pi fasil. Konsa se poun itilize yo poun ba yo tout fòmasyon pou kapab travay nan ministè a.

Kote ke nou prepare pou nou toujou fè reyinyon yo se pou kote sa toujou rete pwòp. Se pou l se yon kote ki pa tèlman kwense. Se poun bat pou nou wè lè moun vin pi plis nan ministè a pou yo pa santi yo mal alèz. Ranje tout chèz yo byen pou youn pa twò kole ak lòt epi tou pou moun ki vini anreta yo pa pile lòt lè yo pral chita.

Kèk fwa konn gen kèk ministè ki konn koumanse pi devan yo konn vin pa depann yo de lòt nan jan yo vin planifye yo nan zafè lajan. Sèlman avèk pwogram ki tou nèf yo konn mande sipò. Chak fwa yo reyini ansanm yo toujou pote yon ofrann ki kapab ede yo mete lajan nan kès la, sa ede yo tou nan moman kriz yo.

Yon ministè ki fèk ap koumanse toujou bezwen lòt ede yo pou kapab grandi nan zafè lajan. Bay fòmasyon se yon pwosesis nan ministè a, fè fòmasyon an tou kapab ede yo peye ofrann plis. Pou koumanse mande anpil resous ak estrateji pou kapab devlope, fè piblisite se yon aspè ki vrèman enpòtan tou pou lòt konnen pwogram yo. Konsa ak tout sòt piblisite sa yo anpil ministè konn vin pa depann de lòt ministè ankò aprè plis pase twazan (3) a (senkan)(5).

Nan moman ke nou rankontre yo se poun bat poun make karakteristik chak grenn moun ki vin ap asiste ak reyinyon yo genyen. Si nou pa jwenn karakteristik yo ki kapab itil, sa ka bay anpil pwoblèm. Nou kapab wè sa afekte anpil lidè yo lè y'ap gade y'ap wè bagay sa yo pa reyini nan moun yo. Moun yo konn pran sa yo al pale l nan lari.

Yo konn pa kontan ak sa k'ap fèt la men yo pa pale sa nan mitan gwoup la kote ke yo santi bezwen yo pa satisfè.

Li konn pi fasil pou reyaji kote ke n'ap kapab bat pou chache yon solisyon ak pwoblèm nan. Men bagay sa mande pou nou fè yon plan de travay k'ap mande yon bon bout tan.

Ministè yo mande pou n idantifye tout fòs yo genyen. Travay pou tan k'ap vini an. Nan devlope tout fòs ak enèji nou, sa se yon aspè ki vrèman enpòtan pou ministè a grandi. Se pou nou Konsantre nou nan tout pwen fèb nou yo ak sa n'ap kapab jwenn plis fòs.

Kat (4) objektif ki enpòtan nan yon ministè ki bay bon rezilta.

1. Se pou nou devlope tout valè ak kapasite nou yo pou nou wè ki kote ministè a ye. Se pou nou konnen ki bagay nou bezwen reyalize? Epi èske y'ap akonpli?.
2. Pran yon desizyon fondamantal pou tan k'ap vini an. Ki objektif ak vizyon ministè a genyen? Ki materyèl nou gen bezwen pou ministè a avanse pou soti yon reyalite?
3. Etidye fòs nou ak sa nou kapab fè. Ki pwen fò ministè a genyen? Kouman nou kapab travay nan devlope fòs nou genyen yo?
4. Pran bon desizyon nan devlope ministè a pou kapab reyalize tout sa nou genyen poun fè yo, nan tout objektif sa yo, planifye pou nou reyalize yo nan yon tan ki pa twò long. Èske tout plan sa yo se bagay ki ka reyalize yo ye? Èske objektif sa yo kapab ede moun nan moman jounen Jodi a?

Pou nou genyen yon bon rezilta nan jounen jodia nan yon ministè mande anpil tan, enèji, ak lajan. Nou kapab wè lè nou fèk ap koumanse aprè mwa li pa bay bon rezilta. Men chonje yon ministè bay bon rezilta mande anpil planifikasyon.

Paran k'ap viv sèl yo se yon gwoup ki enpòtan anpil nan legliz la

Pou jan fanmi ki gen paran sèl yo ap grandi kounye a, legliz la dwe prepare li pou pran swen moun yo. Sa gen ladan li timoun yo menm jan ak paran yo. Se pa nan kay tout moun k'ap viv sèl yo nou jwenn pwoblèm lanmò ak divòs. Gen anpil nan medam yo k'ap swiv doktè pou yo wè si yo ta genyen yon pitit anvan yo marye. Gen lòt paran moun k'ap viv sèl yo ki rezoud pwoblèm yo nan adopte timoun ak fèt deyò maryaj la.

Anpil pwofesyonèl wè chagrennman paske moun nan te divòse a li sanble ak menm bagay si moun nan te gen madanm oubyen mari li a mouri. Pandan ke resanblans sa yo egziste, rapò yo byen diferan. Moun k'ap viv sèl sa yo se tankou yon eksperyans rezilta yon lanmò ki an rapò ak divòse a. Dwa pou timoun yo, moun ki divòse yo dwe pran swen timoun yo nan kenbe kontak ak yo epi jwe wòl yon paran san sispann. Yon ministè ki bon rekonèt epi atake chak sitiyasyon nan rasin li.

& nbsp;

Selon Mervin E. Thompson nan koumanse sèl, premyè etap la se chòk. Se prèske enposib pou w touche oubyen deside fè nenpòt bagay. Moun yo fin dòmi pou konplèt. Chòk se yon etap nan enkredilite, yon dekourajman lè n'ap aksepte sa ki te pase nan noumenm.

Dezyèm nan se denegasyon. Sa fèt se lè plas ki gen manje a jous kounye a ap konsève pou mari a ki pa prezan, rad li yo rete nan bifèt la, pa aksepte verite ki gen nan lanmò a, oubyen siyen kat ki gen non yo de a. denegasyon an ap andire yon manti.

Twazyèm nan se chaj anba emosyon. Santi yon sansasyon anndan akòz de sa. Lè nou pale sa nou santi nou ede santiman nou yo pran plas yo nan jan sa dwe ye.

Desepsyon ak echèk se katriyèm etap la. Se pi souvan lè divòs fin pase, fenèt sa yo kapab pataje sansasyon sa yo. Moun yo eseye ak echèk li tankou santiman sa yo ki soti bò kote manm nan fanmi yo ak zanmi yo. Yo dwe lite kont tout vye panse negatif, tankou desepsyon, ak wont. Yo chagren tankou ti pòv pèdi tan yo ak tout rapò yo te genyen ak moun. Sa se kesyon nou ka fè fas'' mwen kapab mande lanmò pou'' pou mari mwen ?

Senkyèm nan se pè. Sa gen ladan li pè pou demen, pèdi kontwòl, dechaje li de tout chanjman yo, ak dirije lavi pou bay lòt moun ranplase. Tan pou fè kòlè ak kriye yo vini lè moun nan pa jwenn lanmou oubyen apresye.

Kòlè se sizyèm etap. Sansasyon pou abandone, refize oubyen remake refiz la, ak move memwa yo lakòz moun nan fè kòlè. Moun nan kapab fache poutèt ansyen mari li, kèk lòt moun tou, oubyen souvan Bondye kite kèk bagay ki sanble ak sitiyasyon sa a pase.

Santiman pou fè kòlè a se yon bagay nòmal ak natirèl, menm si gen bon fason ak lòt ki pa kòrèk pou pale de sa. Lè nou pa esplike moun kòlè n'ap fè yo nou vin santi nou dekouraje. Dekourajman se se pi gwo danje dinamik ki genyen lè yon moun tonbe nan chagren. Li fè moun nan pa kapab ni reziste devan maladi ki nan kò fizik. Se kapab yo efò anplis pou moun nan chape poul li anba verite a.

Wityèm etap la se depandans. An mezi moun nan chagren pi plis, se pi fasil pou li mete tout konfyans li nan lòt. Yon moun kapab pran desizyon-fè lòd pou lòt yo. Sa pa dwe pote yon relasyon tou nèt si anvan nou pa jwenn yon lespri endepandans.

Pou moun ki deja fè eksperyans divòs, byen souvan gen yon fason ke tristès pran yo san yo pa konnen. Tristès sa kèk fwa se pou yon zanmi ki mouri, istwa fanmi an, ak bon memwa yo. Li nòmal pou sansasyon sa yo ale vini pandan gen sijè k'ap trete sou zafè divòs.

Ti moun yo ki nan kay paran k'ap viv sèl yo fè fas ak anpil kontra ak kesyon. Ti moun ki se pitit moun ki divòse yo menm yo toujou ap repwoche tèt yo lè y'ap di, '' si mwen te konpòte m byen oubyen

Selibatè pou granmoun Ministries Manyèl pou Lidè

si m pat twò fache, avè manmanm ak papam yo ta genten marye'' ankò. Aprè ke yon moun fi n pèdi yon paran pa mwayen lanmò, ti moun yo kapab mete tèt yo nan sitiyaasyon ki mennen maladi oubyen aksidan ki lakòz lanmò. Toujou chonje lè n'ap bay sekou ak paran sèl yo, se poun ede timoun yo tou.

Moun k'ap travay nan depatman timoun yo gen yon wòl byen enpòtan pou yo jwe nan lavi timoun yo. Pwofesè sa yo dwe pran konsyans nan konnen kouman pou yo reponn timoun yo lè y'ap poze kesyon sou yon bagay yo pa konnen. Kesyon yo kapab tankou poukisa, renmen, ak bay pwòp tèt ou valè. Reponn kesyon yo byen onèt, an mezi w'ap bay yo ankourajman ak ede yo pou yo rekonèt yo gen valè.

Yon timoun kapab di, '' Manman di papa pa renmen nou/mwen ankò. '' nan bay timoun nan repons, se poun di li ou se yon timoun ki tèlman bon papa renmen ou. Kè fwa papa avèk manman konn di bagay yo pa vle di paske yo konn an lòlè''.

Oubyen'' manmanm ak papam yo se bon moun ?'' ''Tout moun fè fot. Kèk fwa papa ak manman bezwen tan pou yo reflechi—epi fè sa ki kòrèk la. Kèk fwa yo bliye di ou oubyen moutre w kouman yo renmen ou.''

Li kapab byen nesèsè pou w ta fè yon ti pale avèk paran, pandan w'ap fè atansyon pou w pa demanti yo nan sa yo aprann nan men paaran yo lakay yo. Anpil paran yo konprann ak renmen preokipasyon. Sa pèmèt ke lòt yo jwenn favè pou ankouraje paran yo.

Lè paran k'ap viv sèl yo vin gen plis kay sa bay yon rezon pou kontwole yo pi byen nan konkou ak patisipasyon yo nan aktivite yo. Èske yon timoun kapab refize genyen yon konkou oubyen patisipe nan yon pyès ki gen mizik oubyen pètèt yon jwèt poutèt yon vizit tou kout de yon moun ki ta rive lakay la? Timoun nan se pa li ki responsab pou pran desizyon yo. Selon Distans ki genyen an sa ka anpeche timoun nan rive nan tan pou l fè pratik yo. Nan yon legliz ki piti, toulede paran yo kapab santi yo pa alèz lè yo de a ap asiste menm sèvis yo.

Pwofesè lekòl di Dimanch yo dwe chonje anivèsè yo ak lòt okazyon espesyal ankò. Pase tan avèk timoun paran k'ap viv sèl yo epi bay yo enpòtans. Byen souvan pwofesè yo konn jwe wòl ki byen enpòtan pou moun ki nan bezwen yo. Sa gen ladan li asiste yo souvan tout fwa sa posib nan espò, lekòl, ak lòt aktivite ankò.

Bat pou w gen enfòmasyon sou timoun k'ap viv ak paran k'ap viv sèl yo pou lè n'ap fè vwayaj, resepsyon, retrèt, ak anpil lòt aktivite ki mande lajan pou yo òganize yo. Paran k'ap viv sèl yo, sitou manman kip a gen mari yo, kapab viv sou yon bidjè ki limite. Kèk ti bagay kip a vo anyen pou lòt epi pou moun sa yo se yon bout di li ye.

Aprè kèk vizit, anpil timoun pral asiste nan lekòl di dimanch prèske chak dimanch. Asistans la kapab chak de semèn oubyen yon fwa nan mwa. Ou dwe konnen modèl sa yo, travay pou fè timoun yo santi yo byen nan klas la.

Kèk legliz kapab bay kèk bagay ke paran k'ap viv sèl yo bezwen nan moman lekòl di dimanch la. Gen twa baz filozofi :

1. Konsève yo nan menm klas ak tout moun yo san ou pa gade sou zafè maryaj.
2. Mete yo nan yon klas ki gen moun k'ap viv sèl oubyen koumanse yon klas pou moun k'ap viv sèl yo.
3. Fè yon klas pou paran k'ap viv sèl yo.

Anpil legliz rankontre difikilte ki se rezilta de konstwi limitasyon ak gwosè kongregasyon an. Konsiderasyon pou bezwen moun k'ap viv sèl yo gen yon gwo valè nan fè fas kare ak limitasyon espesyal yo. Si yo entèdi espas kote pou w fè klas ki tou nèt la, gen lòt fason pou jwenn èd yo. Si

klas ki gen laj 18-40 tan yo pran konsyans de bezwen paran k'ap viv sèl yo, konpasyon, konpreansyon, ak sipò vini tankou yon bagay natirèl. Lòt klas yo kapab ankouraje pou edikasyon anvan pou gen twòp moun antre. Kèk paran k'ap viv sèl santi yo fè pati yon klas epi kontinye asiste ak divòs oubyen lanmò. Si sa pase, pwofesè a dwe rann li kont de moun sa yo ak sikonstans sa yo pandan diskisyon yo nan klas la.

Dezyèm etap filozofi yo se : paran k'ap viv sèl yo fè pati ministè moun k'ap viv sèl yo, timoun yo ka lakòz diskisyon. Sa yo k' pa gen timoun yo kapab mal pou konprann eksperyans paran k'ap viv sèl yo oubyen gen difikilte pou konprann timoun yo ak dwa yo genyen bò kote paran yo. Pandan ke li posib pou de gwoup yo mete tèt yo ansanm, fòk gen kèk mouvman pou edikasyon nan mitan yo. Sa pèmèt ke sa yo kip a gen timoun yo sipòte paran k'ap viv sèl yo. Sa kreye yon bay-ak pran sitiasyon. Bay lanmou, ankourajman, sipò emosyonèl ak koze lajan konble tan lib ak rekipere kèk moun k'ap viv sèl ki nan chagren san fè eksperyans ak onkenn timoun. Depanse nan lavi lòt yo epi bay sans nan ede yo reyalize rèv yo ak itil yo.

Twazyèm pozisyon an se koumanse yon ministè pou paran k'ap viv sèl yo. Padan sa ap travay nan lide ou, li pap posib pou tout legliz nan menm maoman an. Depi ke sa pa soulaje legliz la nan sa ki gen pou wè ak responsablite li pou fè gwoup paran yo ak gwoup timoun yo, konsève yon ministè pou moun k'ap viv sèl yo pou satisfè bezwen paran k'ap viv sèl yo ak timoun yo nan menm tan. Lè n'ap asiste nan sipòte ak rekipasyon an gwoup pou paran k'ap viv sèl yo, timoun yo ap patisipe tou nan pwogram ak timoun parèy yo. Si pwogram yo ta fèt twò vit, chèz pou timoun yo ap nesesè sèlman pou preskolè yo. Pataje santiman ak dout yo pèmèt ke timoun yo konprann anpil de santiman yo, yo rann yo kont ke sa se yon bagay ki nòmal epi akseptab. Yo souvan pataje kòlè yo ak lòt emosyon ak de moun ke yo pat kapab pataje byen nan tan ki te pase a.

Anvan sesyon sa yo fini, rasanble paran ak timoun yo ansanm. Ede yo pou yo wè yo tankou yon fanmi. Yo bezwen rann yo kont ke yo santi yo byen sèlman nan chimen yo ye a. fè yon ti aktivite pou fanmi yo epi kreye tan pandan w'ap mete an aplikasyon konkou sou sa yo te aprann nan reyinyon pase yo.

Legliz la ka deside pran nenpòt filozofi, sa ki enpòtan se fè yon ministè pou paran yo. Youn nan bezwen ki pi enpòtan pou yo se fè zanmi ak jwenn moun ki pou chita tande yo.

Yo bezwen yon moun ki pou soutni yo, ki pa gen pwoblèm ak erè y'ap komèt yo epi ki ka sèvi yo yon bon egzanp. Yo bezwen yon moun ki pou priye pou yo ak mache bò kote yo nan moman difisil yo. Yo bezwen moun k'ap karese yo epi bat zèpòl yo, ak bay yo ti pawòl pou ankouraje yo; epi fè yo konnen yo gen anpil valè.

Yon lòt bezwen pou asistans lan. Anpil manman kip a gen mari ap fè fas ak moman ki di byen difisil lè yo pèdi mari yo swa nan divòs oubyen lanmò. Gen anpil ki vivan men yo nan mizè. Yo bezwen lekòl gratis pou pitit yo epi yo menm tou ta renmen al nan kan, retrèt, ak lòt aktivite yo. S gen ladan li anpil lòt aktivite k'ap fèt nan sosyete a si tankou yon klas oubyen fè pati yon gwoup. Anpil pra bezwen pou moun ede yo lè ya' fè fas ak pwoblèm nan ka yak otomobil. Yo bezwen manje souvan ak rad pou yo abiye. Fèt yo difisil anpil lè yo aksepte kouman sa te ye ak kouman sa ye kounye a. pandan sa kapab yon aranjman k'ap fèt byen vit, anpil resevwa ti kòb pou timoun kap viv ak yo kèk fwa. Gen anpil ladan yo ki pa resevwa anyen ditou tankou sipò. Manman ki pat janm marye yo resevwa yon ti sipò pou timoun byen difisilman.

Moun ki disponib pou pran swen paran yo sipoze ye yon ekip ki byen solid. Paran k'ap viv sèl yo fè fas ak reponsablite pou kay yo tankou pou travay yo tou. La gen kèk manm nan fason ke legliz la kapab ede paran k'ap viv sèl yo :

1. Medam k'ap gadò timoun yo pou paran k'ap viv sèl yo ka gen plis tan lib.
2. Bay paran yo sipriz nan prepare ti manje pote ba yo, sa se yon responsablite w'ap retire sou do yo.
3. Ede yo nan travay k'ap fèt nan kay la ak nan reparasyon machin yo kèk fwa.
4. Pwomèt yo kèk ti kado byen espesyal, san ou pa dwe bliye ni jou a ni dat la.

10 bagay ke legliz la kapab fè pou l mare yon zanmitay ak yon ministè moun k'ap viv sèl

1. Idantifye moun k'ap viv sèl yo nan kongregasyon ou lan ak nan lis responsablite ou genyen an. Chonje byen ke moun k'ap viv sèl sa yo genyen ladan yo, moun ki pat janm marye, sa yo ki te divòse, avèk sa yo ki te gen konpany yo mouri. Nan yon lòt sans, nenpòt fanm kip a gen mari se yon moun k'ap viv sèl li ye.
2. Fè moun k'ap viv sèl yo vin sansib. Eseye koute anons, leson yo, mesaj yo, etc. kòm yon moun k'ap viv sèl. Gason an'' egal a '' mari '' ? Èske fanm nan '' vle di'' madanm'' pa bon? Moun k'ap viv sèl li santi yo alèz? Yo santi yo ap viv yon lavi ki pa menm ak lavi yo te konn viv lè yo te gen yon bon ''fanmi'' bò kote yo? Èske ''fanmi'' vle di mari mechan, madanm, de timoun, de bèt domestik, de machin a kouri ?
3. Rekonèt lavi viv sèl la tankou bagay nòmal. Li bon pou nou li kèk pasaj ke Pòl te ekri nan Nouvo Testaman epi konstwi yon baz ki byen djanm pou lavi viv sèl la. Pandan w'ap rekonèt ke se pa ou ki te chwazi l konsa. Li posib pou nou sèvi moun k'ap viv sèl yo temwen nan lavi y'ap mennen an san nou pap bezwen dekouraje yo. Gen moun k'ap viv sèl ki pat marye se pou tan yo te pran pou yo viv tankou kretyen. Gen lò ki te fè eksperyans de yon mari ki te mouri. Gen lòt k'ap viv sèl se pou pwòp desizyon ke fanmi yo te pran tankou yon jès de responsablite oubyen kontinye atitid yon abi yo te fè yo ak lòt ankò. Chonje, sa t'ap vrèman difisil pou tout moun ta marye, ak menm laj ki pral fini nan yon tan.
4. Rann ou kon ht ke moun k'ap viv sèl yo pral fè yon gwoup k'ap la pou tout tan nan popilasyon an. Menm jan ak yon ti bebe ki t'ap bale pousyè ak kòl li kontinye ap pran pye poukont li, pral genyen yon bon valè granmoun k'ap viv sèl. Konsidere valè sa yo :

Moun k'ap viv sèl yo reprezante karant pousan 40% nan popilasyon an sou sa yo ki gen plis pase dizwitan 18 an laj nan Etazini.

5. Mare yon zanmitay ak yon moun k'ap viv sèl. Pandan ou kapab konnen yon moun kisa ki yon moun k'ap viv sèl, ou konnen kijan moun sa panse ? ki sansasyon li fè oubyen eksperyans li baya k fè, ki rezilta travay li bay déjà nan legliz li? Ou konnen objektif li, lespwa li, ak rev li yo? Si no, pran tan pou w devlope yon zanmitay. Mache ak yon moun k'ap bay bon travay anndan yon sèvis ak defi l'ap fè fas yo.

6. Rekonèt matirite moun k'ap viv sèl yo. Anpil sosyete rekonèt maryaj tankou yon bagay ansyen ki nan ajanda moun ansyen yo. Lè yon mou pa obsève tach ansyen sa a, yo tante panse deyò balans la. Moun k'ap viv sèl yo responsab yon pozisyon byen espesyal nan mond lan. Gen anpil ki posede ak fè pwòp biznis yo. Jous kounye a lè yo asiste nan legliz, yo jwenn yo byen souvan tankou moun kip a gen matirite.
7. Ankouraje patisipasyon nan evennman yo nan ministè moun k'ap viv sèl yo. Se kapab nan legliz ou a oubyen sa kapab vle di patisipe nan evennman yo ke lòt legliz yo ap ofri. Sa pa enpòtan pou n pè paske moun k'ap viv sèl yo koumanse ap vizite lòt legliz yo. Eksperyans moutre ke moun k'ap viv sèl yo ke bezwen espiyèl yo difisil, yo kapab koumanse asiste nan yon lòt legliz sou yon baz pou yo ka grandi pazapa. Yo kontwi yon idantite ak legliz ki nan zòn yo a, pandan ke lòt legliz yo ap fè kontak ak lòt moun k'ap viv sèl yo.
8. Rann kont ke kèk moun k'ap viv sèl yo rive nan yon plas ki moutre kouman yo kontan viv poukò yo. Aksepte kontantman sa a. sa pa vle di ke yo fèmen pòt pou yon demen miyò. Se pito, li vle di ke yo aprann satisfè ak etap saa ki nan lavi a.
9. Toujou chache konnen evennman ki ka fè moun k'ap viv sèl yo chagren. Evennman sa yo chanje ak chak moun k'ap viv sèl. E poutan, men kèk gachèt evennman yo :
 - ✓ Pèdi oubyen menase pou pèdi yon djòb.
 - ✓ Difisilte pou zafè lajan. Chonje ke gen yon sèl moun pou regle zafè lajan.
 - ✓ Defi nan fanmi. Fanmi te fèt tankou yon responsablite pou de moun. Paran k'ap viv sèl yo kapab gen bezwen asistans nan kreye modèl ak dirijan pou timoun yo.
 - ✓ Lanmò yon paran. Se youn nan bagay ki pi difisil pou moun ki pat janm marye yo. Moun sa yo pèdi yon idantite ki byen enpòtan. Genyen ki deklare ki jan yo santi yo òfelen.
 - ✓ Lanmò yon zanmi. Zanmi pou anpil moun k'ap viv sèl yo konsidere tankou fanmi. Poutèt sa, lanmò yon zanmi ba yo anpil pwoblèm.
10. Chonje byen ke nou tout nou fè pati kò Kris la. Idantite nou nan Kris la gen baz li sou yon rapò pèsònèl, san n pa menm panse sou sitiyasyon ki gen nan fanmi. Lè kò Kris la ap fonksyone pi byen, li gen yon wòl pou chak moun.

Bagay ki enpòtan nan ministè moun k'ap viv sèl yo

Pandan chèf ministè moun k'ap viv sèl yo reyini, nou diskite sou kesyon '' ki kote MMS bezwen rive nan senk ane (5 an)? '' Kòm gwoup kèk nan yo fè parèt kèk bagay enpòtan, yo konsidere kesyon de MMS nan legliz Nazareyen.

Pawòl, Moun k'ap viv sèl yo la li vle di mou n sa yo ki divòse, ki pat janm marye, oubyen ki gen konpany yo mouri ak pi plis pase vennsankan (25 an). Lè MMS prepare l pou demen, li bezwen rekonèt diferans ant diferan etap ki gen nan lavi sa a. Sa yo ki gen pi piti pase vennsankan (25 an) laj genyen yon objektif diferan ki sanble. La vi saa gen eksperyans, tankou divòs ak lanmò, fè moun vin gen yon objektif diferan. Moun sa yo ki pat janm marye wè lavi a nan yon lòt sans.

Selibatè pou granmoun Ministries Manyèl pou Lidè

Sa vle di ke nou tout nou bezwen asire nou ke tout objektif nou yo kouvri, menmsi sa vle di prepare ak prezante enfòmasyon diferan bay anpil gwoup ki gen lavi yo nan yon etap diferan. Si ou nan yon ti ministè piti, ou kapab akonpli sa pandan w'ap prezante enfòmasyon bay tout gwoup yo epi divize yo depann de etap de vi ke chap gwoup genyen. Sa ki deranje yon moun ki gen vennsenkan (25 an) laj li diferan pou yon moun ki nan laj senkanssenkan (55 an) laj. Koumansman yo kapab menm, men fason pou viv lavi saa li diferan.

Premyèman, la a li enpòtan pou w mete anpil aksan sou devlope relasyon ki byen fò. Sa gen ladan li menm moun yo ak zanmitay ak menm moun sa yo, kote w'ap fè orè pou pase ti tan ak yo. Zanmitay yo se yon tèmsi ki gwo anpil, kèk fwa ki mande anpil prezantasyon. Depi moun k'ap viv sèl yo vle marye nan kèk pwèn, pandan w'ap fè enfòmasyon pou yo ak diskite tèmsi sa yo li bon pou w antre tout ladan l.

Moun k'ap viv sèl yo renmen, epi konsève, zanmitay menm pou moun ki renmen fè kòlè ki bay yon lòt plan ak deklare pèsonalite yo. Depi ke anpil moun k'ap viv sèl yo ap viv sèl, zanmitay yo vin tounen yon bagay esansyèl nan devlope pèsonalite. Fason y'ap aji youn ak lòt sa mande yon aranjman de pèsonalite pandan bay-ak-pran lavi a.

Kalite pèsonalite ki gen konpreansyon yo se ke youn vle di devlope relasyon ki bon. Lè nou konprann ke anpil pèsonalite yo ap pase moman difisil, moun nan vin konprann bien ak gen vizyon pou mare zanmitay ak lòt yo. Gen yon sit entènèt ki sèvi pou chache enfòmasyon, li idantifye anpil lòt paj ki bay enfòmasyon sou tèmsi sa. Gen anpil lòt liv tou ki bay enfòmasyon sou kalite pèsonalite sa yo:

- Senk lang damou pou moun yo. Gary Chapman.
- Liv lòd de nesans : pou kisa ou se chimen ou ye a. Kevin Leman.
- Pèsonalite plis : kouman ou konprann lòt yo, se nan konprann pwòp tèt ou. Florence Littauer.

Enskri se yon tèmsi ki bay MMS anpil pwoblèm. Si gen yon seri enskripsyon, moun kapab poze kesyon si objektif la se "kapte tout moun ki marye yo". Konsa si moun yo jwenn pou demen yon mari nan MMS, ki sa sa vle di pou moun kip a janm marye yo? Pou rezon sa yo, MMS byen souvan bliye zafè pou l negosye ak kesyon difisil yo.

Poutan, rès kesyon yo, se gen yon pi bon plas pou MMS jwenn moun yo "sen, kretyen? Repons la dwe "non." pandan kèk moun antre nan MMS se paske yo bezwen geri, ta dwe genyen kèk moun ki sen ak prepare pou maryaj tou. Yon lòt fwa n'ap di ke li lè li tan pou n abòde sijè difisil yo" nan tou de branch yo/ak" MMS. Gen anpil ki pral vle pou yo marye men gen lòt ki pap vle. Sa se vre.

Sa vle di nou bezwen ede moun yo pou yo devlope epi nou dwe konsève limit ki san tach yo pandan n'ap fè orè pou sa. Sa se yon verite espesyal avèk non moun nan itilize nan fè orè pou sèvis yo ak anpil bon konprann, se tankou lè w rankontre kèk moun fas a fas san pran chans ki gen danje, sa yo ki se bon leson pou bay, ak kouman n ka kontwole moun sa yo k'ap bay ransèyman.

Yon rechèch sou entènèt jwenn paj saa, <http://www.dangersofinternetdating.com/>. Gen bon enfòmasyon ki tonbe, ki genyen tankou istwa eksperyans lavi kèk moun sou entènèt la. Te genyen tou gwo pwèn pou mare zanmitay yo menm jan se ta tankou jan moun nan idantifye tankou drapo wouj yo.

Youn nan premyè règ pou enskri sou entènèt la se fè atansyon pou moun pa dekouvri nimewo telefòn ou ak direksyon kay kote w rete a. sa se yon bon konsèy pou toujou kontinye nenpòt kote ou ta rive, menm si w ta rankontre ak moun ki tou nèf swa nan legliz oubyen nan òganize kèk evennman.

Konsèy pou enskripsyon sou entènèt la, sa mande pou moun ta fè kèk rankont sou plas piblik. La nou jwenn lòt konsèy ki se genyen moun ki pou asiste yon sèvis oubyen yon evennman nan legliz la. Sa kreye yon anbyans de sekirite, yon opòtinite youn ak lòt pou konnen kouman moun kapab aji youn

anvè lòt, epi pèmèt lòt yo bay rèv yo ak obsèvasyon yo. Chonje, menm jen ak moun ki gen laj 18-40 an yo, li fasil pou nou wè sa nou vle wè. Poutèt sa, youn kapab genyen objektif diferan a lòt la.

Dezyèmman, la li enpòtan pou n mete aksan sou fè preparasyon pou yon chanjman nan lavi a. Tankou moun k'ap viv sèl yo, anpil chanjman direksyon de yon zòn a yon lòt. Sans endepandans sa kapab vi tounen yon feblès, si paf è preparasyon pou demen.

Depi ke moun k'ap viv sèl yo ap viv yon lavi kipa miyò, pandan y'ap sere ti kòb pou retrèt sa kapab tounen yon batay pou yo, oubyen youn nan dènye atik ki gen anndan li yon bidjè. Jous kounye a, anpil konsèy sou zafè lajan prezante yon figi de ke tankou yon ti kantite lajan que moun nan te depanse nan yon bagay oubyen te sere byen souvan ki vin fè yon bon ti valè kòb.

Chanje travay la se yon lòt bagay ankò ki bay kè sote. Sitou ak konpayi yo ki vin retire sou travay yo genyen yo, anpil moun fè fas ak pwoblèm sa a. sa bay okazyon pou mare kontak ak lòt mministè ki nan legliz yo lokal yo epi ankouraje ak sipòte moun sa yo ki nan MMS, sitou paske yo nan yon moman kote y'ap chanje travay soti nan youn pou ale nan yon lòt.

Pran swen paran ki pi granmoun yo avèk lòt yo se yon lòt pwoblèm ke anpil mou nap fè fas. Aprann fè bagay yo egal ego, tankou lòd y'ap bay nan travay yo ak anpil atansyon paske sa kapab bay plis pwoblèm toujou. Anpil fwa sa konn bay pwoblèm pou distans la. Kouman yo fè ap viv nan yon peyi oubyen vil epi yo ap pran swen lòt moun k'ap viv lòt kote? Pran desizyon sou zafè ki kalite swen w'ap pran ak konsidere tout opsyon yo anpil fwa konn soti mal. Èrèzman gen liv ki kapab ede nou, lè n'ap fè fas ak sikonstans sa yo. Pandan ke se pa tout bagay ki ekri yo ki gen baz li sou zafè kretyen, liv sa yo kapab ede pou fè fas ak chanjman sa a:

- Pran swen paran sa yo ki pat konn pran swen ou. Eleanor Cade.
- Kopye sou paran ki gen anpil laj yo. Grace Lebow, atc. Tout.
- Kesyon ki di pou pitit moun k'ap viv sèl yo ak paran yo ki fin granmoun. Susan Piver.
- Fè sa ki bon. Roberta Satow

Twazyèm bagay la se bezwen pou fè fèt. Pandan yon lòt rankont ke MMS ap fè ak chèf yo, youn nan lidè yo di yon adult konsa : Pale kouman sa ye pou li lè li santi li manke fete nan lavi li. " Dènyè fwa ke yo te rekonèt mwen nan yon gwoupman se lè mwen te resevwa diplòm mwen nan Lise. Lòt fwa ke yo pral rekonèt mwen kapab byen se lè sèkèy mwen nan". Aprè chòk koumansman, anpil deklare di istwa se verite. Plante nan tan nouvel yo pou fete dènyè moman nan lavi moun k'ap viv sèl yo. Sa yo gen ladan:

- ✓ Djòb tou nèf
- ✓ Degre oubyen preparasyon tou nèf
- ✓ Timoun ki tou nèf
- ✓ Bofi oubyen bèlfi ki tou nèf
- ✓ Nive oubyen nyès ki tou nèf
- ✓ Kay oubyen apatman ki tou nèf
- ✓ Machin tou nèf oubyen achte lòt bagay ki enpòtan
- ✓ Fè plan pou lavi a
- ✓ Lavi chanje desizyon kòm si djòb chanje pou pran swen lòt yo

Selibatè pou granmoun Ministries Manyèl pou Lidè

- ✓ Fè yon sèl kò ak popilasyon an
- ✓ Sèvis nan legliz lokal la
- ✓ Limite djòb nan ane sèvis yo, pwomosyon yo, ak lòt bagay ki pou fèt ankò
- ✓ Retrèt

Katriyèm pon pou konstwi jenn moun k'ap viv sèl yo ak moun k'ap viv sèl ki antre tou nèf yo nan rasanbleman an. Pètèt youn nan pi gwo pwoblèm MMS se kapasite pou fòme moun yo. Pandan n'ap konprann ki enpòtans zanmitay yo genyen, zanmitay sa yo dwe genyen yon elastik pou lòt yo kapab retounen pou antre nan gwoup yo, pandan yo santi moun renmen yo epi aksepte yo tou.

Konsidere yon pa nan fanmi an ak kouman sa fasil pou retire kèk pandan w'ap pale de yon evennman pase. Konvèsasyon sa yo elimine kèk manm nan fanmi an konvèsasyon ki sanble paske y opa menm istwa. Si sa pase anpil fwa fè yon ti kanpe, kèk manm nan fanmi an kapab eseye jwenn latè komin.

MMS dwe dirije tout tan ak fè plan pou ministè a pou satisfè bezwen moun yo ki rann yo kont ke viv sèl la se fason ki pi bon yon moun kapab itilize pou l viv pi lontan. Ala yon gwo travay pou ministè a jodi a, li posib pou l pa travay demen. Chèf ki gen bon kalite yo chita tande jenn moun k'ap viv sèl yo pou dekouvri bezwen yo ak entèrè yo.

Sa kapab nesesè pou n fòme yon gwoup tou nèf anba parapli MMS. Se menm bagay la ke anpil moun k'ap viv sèl pa vle ankouraje'' pou yon lòt klas, moun k'ap viv sèl ki pi jèn yo pa kapab swete jwenn yon gwoup ke li sispèk ki sanble ak moun ki pi granmoun.

1. Natalie Schwartzberg, et. L'al. Chwazi nan moun ki marye yo, (New York : W.W.Norton & Konpayi, 1995), 14.
2. Ibid., 16.
3. Ibid., 15.
4. Ibid., 28.
5. Ibid., 29.